


# RUGARE

 Shumiro, musangano wangu wegore idzva uri wekuti tiri kutovhura. Iyi ndiyo mbuserere yangu yekutanga kubva mugore idzva. Oo, ndakava nehusiku hushoma kumba, ndokuzova zasi kuFort Huachuca iya. Ndiko here kuridudza kwamungariita zvino? Handisi kuona kuti munoperetera sei *Huachuca* iineH. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

<sup>2</sup> Hatidaro, hatisi kuzova nechiiitiko chekutarisa nemugirazi rinoona zvekumashure. Girazi rinoona zvekumashure rinotarisa kumashure chete uye roona kwawanga uri. Tiri kutarisa mberi kuti tione kwatiri kuenda, munooona. Izvozvo zvakapfuura, Pauro akati, “Tichikanganwa zvinhu izvozvo zvakapfuura, Ndinoshingaira ndakananga kuchiyero chekudanwa kwepamusoro muna Kristu.” Uye ndizvo zvatinoda kuita. Munhu, tinogona kutarisa kumashure makore gumi nemashanu, gumi nematanhatu akapfuura, pandakauya kuPhoenix kekutanga, kwakave nezvinhu zvakawanda zvakaitika kubvira ipapo, zvakana nezvakaipa, izvo zvinoenda zvose Kunotongwa, mumaoko aMwari. Asi zvandiri kutarisira zvino ndeizvo zvandichaita mugore rino riri kuuya, zvakanganana nokunatsiridza Humambo, ndichiita zvakawedzera kuwanda, zvose zvandinogona ndichiitira Humambo hwaMwari.

<sup>3</sup> Zvino, masikati ano ndinoda kutaura Mharidzo iyi yegore idzva kuChechi iri muna Kristu, uye zvakare mangwana manheru tichatanga kunamatira vanorwara. Uye tichapa makadhi ekunamatirwa pakati...Ndinofunga shumiro inotanga na seven, seven-thirty, zviri nani kuva pano dzinenge six kana quarter past, zvino, kuti mutore makadhi enyu ekunamatirwa, kuti murege kuvhiringa imwe shumiro yese.

<sup>4</sup> Tinoda kutenda ma—mamaneja epano, vepaRamadha, nekutitendera kuva nechivakwa chino kuitira musangano uno, tisati tava nekonivhenisheni ino. Ishe vavaropafadze.

<sup>5</sup> Uye zvino kana muchida kuvhura muMagwaro, apo patichaverenga, Ndichaverenga kubva muna Isaya, chitsauko 60, uye—uye ndima 2, 1 ne 2. Uye Mapisarema 62:1-8. Mapisarema 62:1-8, kutanga.

*Zvirokwazvo mweya wangu unomirira pana Mwari: kwaari ndiko kunobva ruponeso rwangu.*

*Ndiye woga dombo rangu neruponeso rwangu; ndiye nhare yangu; handingazungunutswi zvikuru.*

*Muchafungira munhu zvakaipa kusvikira rinhiko? muchauraiwa imi mose: sorusvingo runoda kuwa, noruzhowa rwunozeya.*

*Vanongorangana kuti vawisire pasi, vamukandire pasi abve pahukuru hwake: vanofarira nhema: vanoropafadza nomuromo wavo, asi vanotuka mumoyo mavo. Selah.*

*Mweya wangu, mirira chete pana Mwari; nokuti tarisiro yangu inobva kwaari.*

*Ndiye woga dombo rangu noruponeso rwangu: ndiye nhare yangu; handingazungunutswi.*

*Muna Mwari ndimo mune ruponeso rwangu nokubwinya kwangu: dombo resimba rangu, . . . hutiziro hwangu, huri muna Mwari.*

*Vimbai naye nguva dzose; imi vanhu, dururai moyo yenyu pamberi pake: Mwari ndiye hutiziro hwedu. Selah.*

<sup>6</sup> Ndinofarira matauriro aDhavhidhi kuti, “dombo.” Munocherechedza, kakawanda, “Mwari ndivo dombo rangu.” Munoziva here kuti dombo rinotaurwa kunzi chii, muBhaibheri? *Dombo* “chizaruro.”

<sup>7</sup> Sezvakataurwa naPetro, “Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu.”

<sup>8</sup> Akati, “Wakaropafadzwa iwe, Simoni, mwanakomana waJona. Uye pamusoro pedombo iri, chizaruro ichi . . .” Mwari vakazvizarurira kwaari. “Nyama neropa hazvina kumbozarura izvi, asi Baba vaNgu vari Kudenga. Pamusoro pedombo iri, chizaruro ichi, Ndichavaka Chechi yaNgu.”

<sup>9</sup> Zvino Dhavhidhi achidanidzira pano kuti, “Mwari ndivo dombo rangu, chizaruro changu!”

<sup>10</sup> Zvino muchitsauko 60 chaIsaya, ndima 1 ne 2.

*Simuka, upenye; nokuti chiedza chako chasvika, nokubwinya kwaJEHOVHA kwabuda pamusoro pako.*

*Nokuti, tarira, . . . rima richafukidza nyika, nerima guru pavanhu: asi JEHOVHA achasimuka pamusoro pako, kubwinya kwake kuchaonekwa pamusoro pako.*

<sup>11</sup> Ngatinamatei. Ishe Jesu, tichifungisisa paMashoko aya, tinopinda zvino mukutanga shumiro iyi, kuti Mukudzwe. Tiropafadzei, Baba, tinokumbira muZita raJesu. Amen.

<sup>12</sup> Zvino, chidzidzo changu masakati ano ishoko rimwe chete: *Rugare*. MuchiHebheru, zvinoreva “rugare.” *Rugare*, kana kuti kukwazisa, ndiko kuti “rugare ngaruve kwamuri,” kana, “titambirei,” “mangwanani akanaka,” chero mhando yekwa—kwaziso. Asi izwi guru randawana muchiHebheru pano, pane zvinhu zvakanakana zvarinoreva, asi zvese zvichireva chinhu chimwe, “rugare.”

<sup>13</sup> Apo takatarisana negore idzva iri, takatarisana nezvose, sezvandaverenga, rima neChiedza. Zvino tinoona kuti

Dhavyhidhi, achitaura pano, akati, “Vimba muna Jehovha. Isa chivimbo chako maVari.” Isaya akati, “Rima guru riri kuuya pamusoro pevanhu ava; asi kuti Chechi isimuke uye ipenye, mukubwinya kweChiedza.”

<sup>14</sup> Saka tinotarisana negore rino sezvatinoina makore ose; pane ku—kuzvidemba kwezvikaniganiso zvedu munguva yakapfuura, uye nekutarisira ramangwana reChiedza chaKristu chinobwinya. Pasina kupokana, kana tikarama nemukati megore rino, tichawana zvikanganiso zvakananda zvatininge taita, uye tinongotarisa izvozvo nekuti zvinofambirana nezvinhano zvinopesana zvaenzaniswa. Ndiwo murairo wekuzanisa watinorarama nawo muno muhupenyu huno. Asi tinofara zvikuru kuti tine Murevereri Anogara kuruoko rworudzi rwaMwari, kuti areverere. Kana tazvipira kubvuma zvikanganiso zvedu zvatakakanganisa, ipapo Vanobva vazviregerera. Vazere nenyasha netsitsi, kutiregerera pazvikanganiso izvozvo.

<sup>15</sup> Rima guru iri, randinoda kutaura nezvaro kutanga, kuti kune rakawanda kwazvo raro munyika nhasi, uye riri kuramba richiwedzera kusviba nekusviba nguva dzose. Gore roga-roga, tinozviona izvozvo, kuti nyi—nyika inowedzera kuva nerima, tichitaura pamweya, nokuti vari kutsvanzvadzira murima. Pane chivi chakananda. Tichingopfuura mune zvatinazvo, kuuraira kweMutungamiri wenyika, nezvimwe zvakananda, uye vanhu vachipondwa muno chaimo munyika medu. Umo, mataisafunga kuti zvaizoitika munguva yebudiriro yehungwaru yechizvino-zvino, asi zvechokwadi tinazvo, nokuti rima guru riri pamusoro pevanhu. Zvino, avo vasingatendeukire kuChiedza, zvino pane chinhu chimwe chete chandinogona kutaura chegore rinouya, mucharamba muchiwedzera kuderera murima gore richifambira mberi.

<sup>16</sup> Asi kune avo vachatendeukira, pagore idzva rino, kuChiedza, zvino muchawedzera kupenya nekupenya, kusvika kuZuva iroro rakakwana ratinotarisa, kuwonekwa kwaKe, apo rima rose richapera—richapedzwa. Uye chikonzero chaizvozvo, ndicho chikonzero ndichiti, kuChechi yaMwari vapenyu, nhasi, “Rugare,” nokuti tiri Zviedza zvaVo. Jesu akati, “Imi muri Chiedza cheniyika.”

<sup>17</sup> Zvino, muprofiti akati, “Rima guru pamusoro pevanhu ava; pamusoro pevanhu vemunyika, rima guru.”

<sup>18</sup> Makacherechedza here, mumakore mashoma apfuura, vamwe venyu varume nevakadzi vezera rangu, kuti gore rimwe nerimwe, zvinoita sokunge rima iroro rinouya roramba richiwedzera? Ndakanga ndichitaura rimwe zuva, uye ndikati kumudzimai wangu, “Unoziva, zvinoita sekudaro, nekufamba kwemakore, uye zvinongoita sokuti vanhu vanotanga kuenda

kure nekure vachibva pane chinhu chechokwadi icho chavanofanira kunge vachiswadera pedyo nepedyo kwachiri.”

<sup>19</sup> Ndakacherechedza, pakati pevarume. Tarisai kunze mumigwagwa, uye kazhinji pakati pevakadzi, tarisai zvishuwo zvavo nezvavanofarira kuita, uye vari—vari kushandura maonero nguva dzose. Varume vari kuwedzera kuita sevakadzi, uye vakadzi vari kuwedzera kuita semurume, uye zvinoita sekunge hapana nzira yekuzvimisa. Ndinoyambuka nyika, ndichiparidza ndichipesana nechinhu ichi, uye ndodzoka gore rinotevera uye zvinenge zvatonyanya kuipa kupfuura zvazvaiva pandakatanga. Ndeavo, vanhu ivavo vanoda kuita zvakanaka, asi, ivo, pane chimwe chinhu pazviri chisingavatenderi kuita zvakanaka. Chinongovatsitsirira, chovamanikidza. Zva—zvakanakana nemhute yakasimba, yakasviba iri pamusoro penyika yose. Kwete muPhoenix chete, asi pasi rose, zvinoita sekunge kungowedzera kwerima riri kuungana, riri kuwedzera kuita gobvu nekuva gobvu, nguva dzose, richingodzipa hurume chaihwo, hudzimai chaihwo. Ndiri kutaura panyama.

<sup>20</sup> Uye, ivo, vanoita sekuti...zviri kuuya zvichiwedzera nekuwedzera mumachechi. Uye zvakare paunosimuka wotaura chimwe chinhu chinopikisana nazvo, zvino vanozokupa mhosva yekuzviita. Munoono, iwe—iwe unogona kuzviona zvichiuya, uye—uye zvino kana ukataura zvinopesana nazvo, mumwe munhu anotadza kuzvinzwisisa. Dzimwe nguva vakadzi vanotadza kuzvinzwisisa, varume vanotadza kuzvinzwisisa, votora maonero asiri iwo.

<sup>21</sup> Murume dzimwe nguva, murume akanaka, anofanira kurarama nezvinhu zvakadaro kuitira kuti vachengetedze kodzero dzavo muzvinzvimbo zvechitendero kwavari nhengo, nokuti, kana vakasadaro, vanodzingwa, uye vanobva—vanobva vasara vari vega. Uyezve kana wangodzingwa kubva kune vamwe vanhu, zvino zvakaoma kuzopinda kune mumwe munhu, nokuti vakamboziva kuti waive werimwe boka iri, zvino, “Chii chaitika neche *kuno*?” Zvino unofanira kumira pane zvaunotenda, kana kuti wofamba wega, kana kuramba zvaunotenda. Saka zvinoita kuti zviomere vanhu chaizvo.

<sup>22</sup> Uye zvinoita sekunge nguva yavepo, haugone kuona kumira chaiko ikoko, sezvinoofanira kunge zvakaite vanhu. Ini... Kunyange pakuzvidzorera, kubva pane zvepamweya, zvino kune zvepanyama, Ini... Zvaingondiitira sekuti murume akapfeka shangu dzepingi dzevherivheti, nemhando dzese dzezvinhu zvakadaro, zvinongoita sekuti vawedzera kunyanya kufanana nevakadzi. Uye madzimai vachiputa midzanga, zvino vava nendudu, uye vanongo... nekugera vhudzi ravo semurume; uye zvinoita sekuti chimwe chinhu chi—chinoyevedza, chemudzimai kwaye, chehudzimai chaenda. Uye murume chaiye akaumbwa zvakasimba hakuchina; zvoga zvaanoita sekufunga nezvazvo ndechimwe chinhu chakaipa, kune rimwe divi.

<sup>23</sup> Ndinofunga zvakangoita sezvazvaive kumavambo, “mufungo wose uri mumwoyo womunhu unoramba uchiipa.” Zvirongwa zvedu—zvedu, terevhizheni ne—neredhiyo, hazvina kupepetwa. Vanhu vanogona kutaura chero chinhu, potse, chavanoda, kunyangwe kutotuka nokutaura nyambo dzakasviba, dzezvinyadzi izvo—izvo chaizvo zvazvisingafanirwe kuva, zvisingagoni, zvisingafanirwe kutaurwa mubhawa. Asi zvakadaro vanogona kuzviturea paterevhizheni neparedhiyo, zovumira mudzimba dzevanhu chaimo. Zvinoita sokuti rima guru iroro rakafukidza chinhu chose. Nyika yose inoita seyasvibiswa.

<sup>24</sup> Zvino, kwemakore, ndanga ndichiedza kuchengetedza chiyero, Shoko raMwari. Uye ndakatotsunga zvikuru gore rino riri kuuya kuchengetedza chiyero ichocho kupfuura zvandaimbova muhupenyu hwangu, munoona, kumira zvakananga neShoko iroro. Zvino, ndinovimba kuti chero munhu anoisa mupfungwa dzavo kuti ndiri kuita izvozo kuti ndiratidze hungwaru, zvino, hama, hanzvadzi, zvirokwazo zvamuri kufunga handizvo. Ndiri kuita izvozo nokuti ndine mungava webasa kwaRiri. Ini, ndinosungirwa kugara neShoko iroro. Chero zvaRinotaura, ndisaise dudziro yangu pachangu, ndongoRitaura saizvozo. Zvino pane vamwe vanogona kuRidudzira nokuRiita kuti rinzwike zvakati siyanei zvishoma, asi handikwanise kuzviita. Mutauro wandinoziva chete ndeizvo zvakanorwa Pano, nzira chaiyo ndeIyi nzira.

<sup>25</sup> Zvino, mashoma, angaita makore matatu apfuura, achave zvino, kuti, kumba, kucheche yangu yekumba, Mweya Mutsvene wakaita kwandiri, wakati, “Enda kuTucson, pane chimwe chinhu chakamirira.” Ndakamira papuratifomu ino ndikaudza mumwe nemumwe wenyu, “ZVANZI NAJEHOVHA, chimwe chinhu chiri kuda kuitika.” Pamwe pane mazana evanhu vagere pano vanozviva. Ndakangokuudza zvakangaona. Mharidzo iri patepi, *Inguvaiko*, *Changamire*? Ndakaona boka reNgirozi, sepi—piramidhi, richidzika kuchamhembe kweTucson; kumunhu nenzira *iyi*, kuchamhembe kweTucson. Uye Dzakanditaurira chimwe chinhu, uye handina kuziva kuti chaiva chii. Zvino rimwe zuva ikoko. . . Pane varume vakagara ipo pano zvino, vaviri vavo, vaiva neni, seri uko pazvakaitika.

<sup>26</sup> Zvino vakatora mufananidzo waZvo mudenga. Zvakabuda mu—mumagazini. Ndafunga kuti ndanga ndine rimwe. Ndinaro. Ndizvozo. Munozviona pano mumagazini re*Life*, rino iri, chaizvozo nenzira yazvakataurwa noMweya Mutsvene kuti zvaizove.

<sup>27</sup> Zvino hapo ndokumira Ngirozi dziya nomwe sezvazvingava sekundiona kwamuri kuita ndakamira pano, ndokundiudza kuti ndidzokere kumba kwangu, kuti, zvakananzika izvo vavandudzi zvichidzika nemumazera vakatadza kunhonga, zvakananzika zveBhaibheri, zvaive zvakananzika neZvisimbiso Zvinomwe,

zvaizozarurwa. Ndinopikisa chero ani zvake, kutora *Zvisimbiso Zvinomwe* izvozvo ozvitarisa, uye otsvaga mhosho pazviri. Maona? Maona? Nekuti zvakapihwa nekufemera kwaMwari.

<sup>28</sup> Izvi zvisati zvaitika, ndakaparidza nezve*Mazera Manomwe eKereke*, ndokubva ndaadhirowa pabhodhi dema mutabhenakeri yangu.

<sup>29</sup> Dzidziso yangu, handiparidze Dzidziso kunze kuno, hapana kunze kwezvitevedzwa zvikuru zvepamavambo zveevhangeri; nokuti ndiri pamwe nehama, dzinogona kupesana neni, uye handiDzipe pamberi pevanhu vari pano. Ndinongoedza kuramba ndiri pazvitevedzwa zvepamavambo zveRugwaro, zvakaita seizvo zvatintenda. Asi, patabhenakeri yangu, vanoZvitepa. Kana uchiZvida, unogona kuva naZvo. Kana mufundisi wako asingadi kuti uve naZvo, usaZvitore. Munooni, zviri kwamuri.

<sup>30</sup> Asi imomo, ndichiparidza pamusoro pe*Mazera Manomwe eKereke*, uye nekuwana mvumo kubva kuna Mwari; ndichiadhirowa, kuti rima rakauya sei muchechi, Nicaea; uye nengirozi dzechечи, vatumwa. Zvinofanira kunge zvaiva zviri izvo, nokuti, pandakangoadhirowa pazera rechechi yokupedzisira, neSvondo mangwanani, naeleven o'clock, Chiedza chikuru chiya chakadzika muchivakwa, pamberi pevanhu vangada kuwanda sevagere pano; chakaburuka ndokuvaima pachezvaCho parutivi rwemadziro, pamberi pevanhu vose ivavo, ndokudhirowa Mazera eChechi iwayo chaizvoizvo nenzira yandakanga ndaadhirowa ipapo. Zvino, kune mazana nemazana ezvapupu ikoko zvinozviratidza. Kungoti . . .

<sup>31</sup> Saka, zvino, tinocherechedza kuti Mwari vanogara vachiratidza zvinhu muchadenga Vasati vazviratidza panyika. Sevachenjeri vakatevera nyeredzi, nezvimwe zvakadaro. Chiratidzo chekudenga chinoitika, kutanga, tevere chepanyika chinosisimbisa chiratidzo chekudenga. Mwari vanoshanda, vanoshanda nemuzviratidzo, zviratidzo nezvishamiso. Zvinofanira kutevera vatendi kwese-kwese. MaJudha aigara achitarisira chiratidzo, nekuti vaive vasanangurwa vaMwari, zvino vakatsvaka chiratidzo. “Tiratidzei chiratidzo, tobva tatenda.” Uye, zvakare, vachenjeri pavakauya nenyaya yavo, Vachenjeri, vepakuzvarwa kwaKristu, pagore idzva chaipo.

<sup>32</sup> Zvino tinoona kuti mwedzi, muBhaibheri, unomiririra chechi. Unoratidza chiedza panyika, zuva risipo. Zvakazarurwa, chitsauko 12, inonyatsotsanangura kuti, “mudzimai ane mwedzi pasi petsoka dzake, nezuya pamusoro wake.” Uye kuti zuva risipo, kana zuva raenda kune rimwe divi, mwedzi unoisa chiedza chezuya kunyika. Chechi inofanira kuratidza Jesu Kristu kunyika, Mwanakomana waMwari asipo. Tese

tinozvitenda izvozvo. Chinhu chinoshamisa, sekuwanda kwakaita zvakange zvakasiyana.

<sup>33</sup> Asi ndichitaura pano, muna 1933, nezvapapa achitora nzvimbo yake kubva, kana kuti achibuda, waro, kubva kuRome, uye achishanyira nyika tsve—tsvene. Achauyawo kuno. Uye chinhu chinoshamisa, ndechekuti, husiku hushoma asati abva kuRome, kekutanga kazvakambova munhorondo, mwedzi wakaburuka ndokubva waora zvachose. Izvozvo chete, chaiva chii? Kudzikatidza Chiedza chakaraidzwa cheMwanakomana. Mune izvi, akataura kuna baba veOrthodox; uye vose vari mukubvumirana, “Papa anozviitira kuwadzana, kuwadzana kwakanaka kwevavakidzani.” Zvinonzwika, kune nzeve yepanyama, kuva chinhu chakaisvonaka kwazvo chinogona kuitika. Asi kune nzeve yemweya, irima. Uye kuti isu machechi, isu Presbyteriani, Methodisti, Baptisti, nemaPentekosti, tingajoinha sei munyonganyonga yakadaro, uye tichiziva kuti Bhaibheri redu rinotidzidzisa zvakasiyana! Chinhu chinoshamisa kwandiri, kuti munhu akazadzwa neMweya anogona sei kugara munzvimbo oti, “Zvinonzwika kuva mumweya kuva munzvimbo yakadai.” Kwandiri, zvakashata.

<sup>34</sup> Zvino, ndinofungidzira munazvo muno muPhoenix. Kana ani zvake... Vangani vari muno vakamboona pandaiva nemifananidzo iyoyo yakadhirowewa yeMazera eChechi? Simudzai maoko enyu. Ndofungidzira... Munoono kuti Ishe vakaadhirowa sei muchadenga, humwe husiku? Chaizvoizvo nenzira yazvakadhirowewa kumusoro uko kutabhenakeri. Zvakakwana, chaizvo nenzira iyo Mweya Mutsvene akazvipa nekufemera, makore matatu apfuura, patabhenakeri, ipapo zvakaitika mumatenga. “Nemiromo yezvapupu zviviri kana zvitatu, shoko rimwe nerimwe ngarisimbiswe.” Mweya Mutsvene wakatanga kufamba nekufemera; ndakaadhirowa papuratifomu. Ndokubva Vaburuka pachaVo ndokuisa kusimbisa kwaVo pana izvozvo, apo mwedzi neChiedza zvichidzima, zvichidzima, uye kuZera rino reRaodhikia richipinda murima gurusu zvakare. Uye hevanoi Vachiburuka vozvisimbisa pamwedzi, panguva iyo yekuti machechi ese ari kuenda pamwe chete mukubatana, kwemubatanidzwa wemachechi.

<sup>35</sup> Ndosaka, sezvakataura Isaya, “Rima guru riri panyika, pamusoro pevanhu ava.”

<sup>36</sup> Ndinoziva kuti hazvifarirwe kutaura zvinopesana nesangano, asi ndiwo munembo wechikara. Ndicho chinhu chiri kutitakura kuenda imomo chaimo. Chiri kuita mufananidzo kuchikara. Handitauri izvozvo kuti nditsamwe. Ndinozvitaura izvozvo nokuti iChokwadi, hama. Zuva richauya apo Phoenix ichasimuka, uye pamwe ndinenge ndaenda, asi muchaziva kuti zvaiva ZVANZI NAJEHOVHA. Ichokwadi. Uye kuti Mweya Mutsvene mukuru wakasimbisa sei Mharidzo idzodzo

nokufanotaura zvinhu zvacho, zvisina kumbokundikana kamwe zvako! Uye ko sei tichitsvanzvadzira murima? Sei vanhu vasingamuki nguva isati yaperera? Rimwe remazuva ano, nguva ichange yaperesesa, apo unenge watatora munembo, uyezve hapana...Hapana chimwezve chaungaita nezvazvo ipapo, uchange wabatwa muhurongwa ihwohwo, zvokuti unoiswa munembo pamwe nehurongwa ihwohwo.

<sup>37</sup> Wadii wauya kuna Kristu, wozadzwa neChiedza cheVhangeri raJesu Kristu, Simba raKe rinomutsa iro rinogona kukusunungura, uye rokuita kenduru inogara pachikomo? Zvisinei kuti kunosviba zvakadii. Unoti, “Saka, sei tichifanira kuzviita? Vamwe vavo vose...” Teerera, iko zvino ndiyo nguva yekuchirega chichipenya, pakwakasviba zvakanyanyisa. Ndipo panopenya Chiedza zviru nani, ndipo apo paChinenge chiri murima. Tinofanira kugara tichirega Chiedza chichivhenekera pane rima.

<sup>38</sup> Muporofita achiti, “Rima guru richange riri pavanhu ava,” uye zvirokwasvo iChokwadi.

<sup>39</sup> Zvino tinoona kuti chii chakaita kuti mwedzi uratidze chiedza. Mwari vachiratidza, kutanga, pabhodhi dema; tevere, neHupo hwaVo Vomene; tevere mumatenga Vakaraidza chiratidzo. Uye zvino kubva muRoma papa vakaenda, uko kuParastina; izvo, kuziso remunhuwo zvake, vanhu vakadanidzira vakawira pasi nezviso zvavo, ndokunamata munhu. Ndisina hangu chandinopesana naye sekusangopesana kwangingaita nemushumiri angabatana nezvakadaro. Zvose mweya mumwe chete.

<sup>40</sup> Zvinoita sekunge rima guru ragara pamusoro pevanhu kusvikira vanofunga kuti chinhu choga chiriko chekuita kuenda kuchechi uye wova munhu akanaka kwazvo, woisa zita rako mubhuku, uye nechimwe chinhu chidiki chisinganzwisike, “Mwari vachatendeudza kiyi paunofa, voshandura mweya iwoyo uri mauri, kwaVari.” Wakarasika. Paunofa, mweya iwoyo uri pauri, ndiyo nzira yauchazove nekusingaperi. Uye rangerairai, vaFarise, vaSadhuse, navamwe vakadaro, vakanga vari vanhu vainamata zvikuru.

<sup>41</sup> Mwari ndiMwari vane godo. Vane godo, uye vanoda mudzimai waVo akachena. Vanomuda ari mhandara, yakachena. Pasina chero chemunyika maari, zvachose; zvose zviru Shoko raVo, chikamu chaVo. Tinofanira kuva chikamu cheShoko. Kwete chikamu chechitendwa; chikamu cheShoko! Kwete chikamu chechechi; chikamu cheMwenga! Chechi inopomerwa, tinoziva kuti inoenda kurima rekunze, asi Mwenga unokwira kumusoro.

<sup>42</sup> Zvino dai vanhu vangokwanisa kumuka kwekanguva kashoma voherechedza kuti chinhu chikuru chii. Kuzvikudza kunoita izvozvo. Vanhu avo—avo vanoda kuita sezvinoita nyika



yose. Haugone kuita izvozvo. Hausi wenyika. Unofunga kuti mukadzi akarara mubhokisi rake angada kuziva kuti bvudzi rake rakaitwa bhitho here, kana chero zvamunoda kuridaidza? Munofunga kuti aizotarisa mapfekero aanenge akaita here kana akarara mubhokisi, kana mumwe murume? Vaisazviita.

<sup>43</sup> Uye ndicho chikonzero, nhasi uno, kune zvinhu zvakawanda zvatinfanira kutevedzera vavakidzani, kana imwe nyanzvi yekuHollywood, kana imwe fashoni, kana zvimwe zvakadaro, imhaka yekuti hatisati tafa kuna Kristu pamwe neShoko raKe. Dambudziko remachechi nderei? Tiri murima, tichitsvanzvadzira murima. Akati, “Paizova nerima guru pavanhu.” Rima guru pavanhu zvino!

<sup>44</sup> Zvose zvinomborevei? Zvinoreva izvo, kuti kana nyika. . . Chii chakaita kuti mwedzi udzikatidzwe, zvaive nekuti zu—zuva. . . nyika yakapinda mumumvuri wezuva, iro rakanga richipenya panyika. Nyika yakapinda mumumvuri. Ndiro dambudziko nechechi. Ndiro dambudziko nePresbyteriani, Methodisti, maPentekosti. Ndiro dambudziko nesu tose. Nyika inovharira kunze Chiedza chatinfanira kunge tichiratidza, inozvitenderedza ichipinda maChiri, uye, pazvinenge zvichipfuudzana, yokandira rima pamusoro pawo.

<sup>45</sup> Uye nyika yapinda muChechi, mu—muzita resangano, zita rechimwe chitendwa, uye “isu tinonamata uye zvose *izvi* nezvese *izvi*,” asi zvakadaro inoramba simba rinomutsa raKristu kusimbisa Shoko raKe rakaporofitwa rezuva rino. Panogona kuve neChiedza chete kuburikidza neShoko raMwari. Tinozviziva izvozvo. Mwari, pakutanga, vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye kukava nechiedza, kusimbiswa kweShoko raVo raVakanga vataura.

<sup>46</sup> Rima, ndokusvibisa! Nyika yakapinda munzira yekupenya kwezvava kumwedzi, ndokuudzima. Ndizvo chaizvo zvakaitika panyama, kana pamweya. Sezvakaitika panyama, zvakafanofananidzira ndokutiudza, ndizvo chaizvo zvakaitika.

<sup>47</sup> Zvino, munoona kuti zvinobuda sei kumagumo. Vazhinji venyu imi vechidiki, hamufanire kuchembera kusvika mazviona, zvakadaro, kana mukararama mamwezve makore matatu kana mana.

<sup>48</sup> Mwedzi zvino, tave muZera reChechi yeRaodhikia. MuZera reChechi yeRaodhikia, pane mamwe machechi ose, Raodhikia, zera rechechi rekupedzisira, rinodziya, Kristu aive kunze kwechechi. Chero muverengi weBhaibheri anozviziva izvozvo. Zvakazarurwa 3, Akanga ari kunze kwechechi, achiedza kuwana nzira yaKe yokudzokera mukati zvakare, uye hazvina kumbonzi Akapinda. “Asi kune avo vose vaAkada, Akavatsiura nekuvaranga.” Mharidzo yaizotsiura nekuranga avo vaAnoda. Zvino, aigogodza, achiedza kupinda; rima rakaChidzima, chaizvo zvakaitika. Chiedza changa chichipenya, munguva pfupi

inotevera chaizvoizvo chiri kuzodzimwa zvachose. Ichapinda mukati kuti igadzire mufananidzo kune chikara. Uye tinoziva kuti izvoizvo zvinorevei, ndiyo nguva yekupedzisira.

<sup>49</sup> Mwari, pakutanga, vakapatsanura chiedza nerima, uye ndizvo zvakare zviru kuitwa naMwari. Mwari vanopatsanura chiedza kubva kurima. “Pakutanga,” Vakati, “ngakuve nechiedza.” Zvino, rangarirai, hakungavi nechiedza kunze kweShoko raMwari. Zuva chairo kunze uko iShoko raMwari, rakasimbiswa. Paiva nerima guru panyika, mhute yakasimba nechitsi chemvura panyika, zvino Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza.” Zvino ko dai pasina chiedza chakauya? Zvino hazvaizoVaitira zvakanaka kutaura. Asi paVakati, “Ngakuve nechiedza,” uye chiedza chikavapo, chichisimbisa kuti Shoko raVo rakanga riri chokwadi. Chiedza ichocho chatinorarama nacho nhasi.

<sup>50</sup> Uye Chiedza choga chatinogona kuva nacho nhasi, muchechi, ndiMwari vachisimbisa Chiedza chaVo kuchizvarwa chino.

<sup>51</sup> Chizvarwa chimwe nechimwe chakagoverwa zvine humwe huwandu, zvikaitika mumazuva avo. Tese tinozviziva. Vaporofita vakauya panzvimbo. Ivo, Shoko raJehovha rakauya kwavari, vakaRinzwisisa. *Muoni*, muTestamende Yekare, zvinoreva kuti, “uyo Shoko rakazarurwa kwaari.” Uye kuti vanozviza sei, nokuti anofaniziva zvinhu zvichauya. Zvino Shoko raJehovha rakauya kwavari, zera rimwe nerimwe.

<sup>52</sup> Jesu akati kuna Johane, nezvaJohane, “Akanga ari chiedza chakajeka uye chinopenya, kwechinguva.” Sei? Isaya, makore mazana manomwe anegumi nemaviri asati azvarwa, akati, “Kune inzwi reuyo unodanidzira ari murenje.” Maraki, chitsauko 3, akati, “Tarirai, Ndinotuma mutumwa waNgu pamberi pechiso chaNgu, kuti agadzirire nzira mberi kwaNgu.” Munoono, akanga ari Shoko iroro raisimbiswa. Shoko rakanga rakavimbiswa rezuva iroro, akanga ari chiedza, nokuti akanga achiita kuti Shoko racho chairo rakanga rataurwa naMwari pamusoro pake riitike.

<sup>53</sup> Zvino Jesu paakauya, Johane akati, “Ndinofanira kuderera zvino; Anofanira kuuya achionekwa.” Zvino Akanga ari chiedza. Zvichidzika nemumazera ose, matauriro akaita Mwari nezvenguva iyoyo yainge iri kuuya!

<sup>54</sup> Ko vafundisi ivavo vakatadza sei kuZviona? Vakadadza sei? Ko vaFarise nevaSadhuse ivavo vakatadza sei kuona? Akati, “Nzverai Magwaro, nekuti maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi, uye ndiWo anopupura nezvaNgu.” Ko vakatadza sei kuZviona, hama? Imhaka yekuti zvakanga zvakaporofitwa kuti vaizodaro.

<sup>55</sup> Uye ndizvo zvazviriwo nhasi uno, kuti rima guru riri kuuya pavanhu, uye hezvoka izvo! Mwari vakagovera Shoko raVo

kuti riratidzwe nhasi, uye ndicho Chiedza chega chatinacho, uye Mwari vacharega mumwe munhu aratidze Shoko iroro. Mumwe munhu ari kuzozviita. Vakazvivimbisa, uye Vanoshanda chaizvoizvo sezvaVaigara vachiita nazvo.

<sup>56</sup> HaVana kumboshandura maitiro aVo ebasa. Vanoporofita zvichaitika, zvadaro Vanozotumira mumwe munhu zasi zvino ozvisimbisa. Uye zvinopfuura nepamusoro pemamiriyoni, nokuti, rima rakafukidza nyika panguva iyoyo. Uye vanhu vanoda rima kupfuura zvavanoita Chiedza, nekuti rima rine mafaro mazhinji.

<sup>57</sup> Ndakaona mutambo weHollywood, kasiri kare, vakati, “Hupenyu hunotanga shure kwekunge zuva ranyura.” Ndipo panotangira rufu; makirabhu ese aya ehusiku, uye pavanofunga kuti vari kurarama. Vari kufa.

<sup>58</sup> Mwari, pakutanga, vakapatsanura chiedza nerima. Vagara vachidaro. Chii chaVanoita? Vanorimanikidzira, nechiedza chinouya, Vanomanikidzira rima kune rimwe divi renyika.

<sup>59</sup> Uye ndizvo chaizvo zviri kuitika zvino. Inguva yemambakwedza. Nyamatsatsi yabuda kuzozivisa zuva riri kuuya. Uye Mweya Mutsvene uchiratidza Chiedza chaWo. Iri kuuya nguva apo Chiedza nerima zvichafanira kupatsanurwa, chimwe kubva kune chimwe. Chechi nehurongwa hwayo ichatora hurongwa hwezvava iroro; uye Kristu nevimbiso yeShoko raKe reChiedza vachapinda muKubvutwa. Ndicho chinhu chega chasara chekuti vaite. Izuva, nhasi, mambakwedza ezuva idzva, kune vazhinji vari kutarisira Kuuya kwaKe.

<sup>60</sup> Vanhu vazhinji kwazvo, vakanaka vakaperera nhasi, ndizvo zvinopisa moyo yavo, vanhu vazhinji kwazvo, vakanaka vakaperera vakadai saMaria naJosefa. Vakanga vachibva kumutambo, ndokushaya Jesu. Vanhu vazhinji vanoita chinhu chimwe chete ichocho nhasi uno, vachifunga kuti Anavo. Zvino, ndinoda kuisa chiedza chidiki ichi kwamuri, kuti ndikuratidzei kuti Shoko raMwari harikundikane sei.

<sup>61</sup> Isu tose pano, masikati ano, vanova Makristu, tinotenda kuti Jesu Kristu aive Shoko raMwari, rakaratidzwa. Tinotenda kuti Akaberekwa nemhandara. Akanga ari tabhenakeri umo Mwari Samasimba vaigara mairi, pano panyika. Asingori bedzi muporofita, asingori munhuwo zvake, asi Mwari pachaVo vakaratidzwa muchimiro chemunhu. Aive *Emanueri*, “Mwari vanesu.” Tinozvitenda izvozvo, nemoyo wedu wose. Uye zvino cherechedzai apo Marita kana . . .

<sup>62</sup> Maria, waro, naJosefa, vachifunga kuti Jesu aiva navo, vaingoona sekuti Aiva navo, vachifunga kuti, “Zvinongofanira kunge zvakanaka. Anotosungirwa kua nesu.” Asi vakanga vakarasika zvinosuwisa. Akanga asiri.

<sup>63</sup> Vanhu vakawanda, vakanaka vakadaro nhasi. Vanofunga, vanoona nguva ichiswedera, vanoziva kuti pane chimwe chinhu

chiri kuda kuitika, vanoitei? Vanoenda kunojoinha chechi, vachifunga kuti Anavo. Vanokwazisana maoko nemuparidzi, vachifunga kuti ndizvo zvoga zvavanofanira kuita, “Anavo.” Kusimbiswa kana kubhabhatidzwa neimwe nzira, ndizvo zvoga zvavanofanira kuita, vachifunga kuti Jesu anavo. Hama, hanzvadzi, sezvakangoita Maria, Josefa, vekare, vanhu vakaperera chaizvo, asi vari kukanganisa.

<sup>64</sup> Hupenyu hwako hunoratidza kuti Jesu anewe here kana kuti kwete. Hupenyu hwako hunoratidza kuti Akagara *pano* here, kana kuti Achiri kumatenga aKe kana kuti kwete, chero zvauri. “Mabasa aNdinoita nemi muchaaaitawo.” Ko ungava naKristu sei mauri, uye ipapo Mweya wacho uri mauri woramba Shoko raKe, watora chitendwa pachinzvimbo chacho? Haukwanise kuzviita. Aizozvipikisa pachaKe nokuramba Shoko raKe Amene.

<sup>65</sup> Nekuda kwekuti mumwe munhu aisa dudziro isiri iyo kwaRiri? Une Bhaibheri, unogona kuverenga sachero ani zvake. Iva wakaperera.

<sup>66</sup> Dhavhidhi akati, “Muisse pamberi kwechiso chako nguva dzose.” Zivai kuti kana tiri kusangana negore idzva iri, tiri kusangana naro musimba rekumuka kwaKristu. “Anogara ari mberi kwangu. Handingazungunutswi.”

<sup>67</sup> Cherechedzai kuti Shoko harikundikani zvakadini. Maria naJosefa... Zvino kwamuri, shamwari dzangu dzinodikanwa dzechiKatorike, dzakati Maria aive amai vaMwari. Maria akanga asiri kana amai vaJesu, ndoda kuzova amai vaMwari. Aigova sei? Ndizvozvo. Hapana kana nguva imwe yaAkambomuti amai; kana zvachose.

<sup>68</sup> Vakauya kwaAri imwe nguva, uye vakati, “Amai vako nevanin’ina vako vakamirira panze.”

<sup>69</sup> Akatarisa paungano yaKe, akati, “Amayi vaNgu ndiani? Hama dzaNgu ndivanaani?” Akatarisa vadzidzi vaKe, akati, “Avo vanoita kuda kwaBaba vaNgu, ndivo vakangofanana naamai vaNgu, vaNgu...”

<sup>70</sup> Pamuchinjikwa, paAkanga ava kufa, Akataurawo zvakare zvimwe chetevzo. Akati kuna Johane, Johane pano, murume uyu, “Mwanakomana, tarira amayi vako!” Kwete, “Amayi, tarirai mwanakomana wenyu.” “Mudzimai, tarira mwanakomana wako!” Kwete, munoona, akanga asiri amayi vaMwari.

<sup>71</sup> Aigova chizvaro chakakweretwa chakashandiswa naMwari; zvisina kumbosiyana nemumwewo mudzimayi zvake uyo Mwari vanofunga kushandisa. Vanogona kushandisa (wako) chizvaro chemoyo wako, kuzivisa Mwanakomana waVo, kana iwe—kana iwe waizoVatendera kuzviita. Maona? Kwete kuva amayi vaMwari. Paitozofanira kuva nekakutekenyedza, kunyange zvekuve mbeu yaMaria. Akanga asiri kana mbeu yakabva kuna Maria.

<sup>72</sup> Chakanga chiri, chinhu chose, chakanga chiri Mwari, Musiki. Kana Adhamu wekutanga kumashure uko akasikwa pasina baba namai, Adhamu Wechipiri aive zvimwe chetezvo. Uye chero chinhu chisiri ichocho hachingaMuite kuti aenzane naVo. Ndizvozvo chaizvo. Mwari vamwe chete, Vakasika mutumbi uyo iVo pachaVo vakagara mauri.

<sup>73</sup> Zvino tinoona, tarisai kuti, tarisai, kana Maria aiva amai vaMwari, kuti akapotsa sei, ipapo. Akati, “Baba vako neni takakutsvaka nemisodzi.” Achiramba nyaya yekuzvarwa nemhandara, “Baba vako, Josefa, neni, takaKutsvaga.”

<sup>74</sup> Tarisai Mukomana iyeye ane makore gumi nemaviri, Mwana ane makore gumi nemaviri, achiti, “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kunge ndiri pabasa raBaba vaNgu, vachipanana kunzwisira nemasangano kumusoro uko?” Zvino, dai Aiva ari, pabasa raJosefa, Angadai ari zasi kuchitoro chekuveza mapuranga. Josefa akanga asiri baba vaKe. Mwari ndivo vaive Baba vaKe. “Hamuzivi here kuti ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?” Kumusoro ikoko, pazera ramakore gumi namaviri, pamwe navo vaprisita vakadzidza. Asina zuva rimwe zvaro ari muchikoro, asi zvakadaro vakashamiswa nohuchenjeri hwacho. Uye tarisai pane . . .

<sup>75</sup> Akanga ari Shoko. PaAkaberekwa, Aiva Shoko. Achiri Shoko. Cherechedzai, Shoko haritore chenhema. Akati, “Baba vaKo neni takaKutsvaka nemisodzi.”

<sup>76</sup> Akati, “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?”

<sup>77</sup> Akatsiura amai vaKe pachaKe? Sei? Akanga ari Shoko. Paizove nemubvunzo mupfungwa dzemumwe munhu, dai Maria pano, uyo akamboti “Mweya Mutsvene” wakamufukidzira ndokubereka Mwanakomana, uyezve pano ochidana Josefa kuva baba vacho. Shoko harikundikani. HaRikwanise kukundikana.

<sup>78</sup> “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?” Uye Akanga ari pabasa raBaba; kwete—kwete basa raJosefa, rokugadzira magonhi ne—nezvinhu zvakavezwa. Akanga ari pabasa raBaba vaKe, achitwasanudza zvevatongerwo enyika zvechinamato zvavaiva nazvo muzuva iroro. “Hamuzivi here kuti Ndinofanira kuva pabasa raBaba vaNgu?” Hongu, changamire.

<sup>79</sup> Vanhu vazhinji nhasi, mumachechi mazhinji akanaka aya, vari kupinda mukanzuru iyoyo yechechi; kwete “kupinda” mukati, vatovemo. Vari kuona kuti ndicho chinhu chaicho chekuita, “Vane hushamwari, vakanaka, ko tadii tose takwanisa kuuya pamwe chete?” Nhai, vanga vachiedza, vose, kwemakore, kuita maMethodisti ose ave maBaptisti, nemaBaptisti ese ave maPresbyteriani; MaPentekosti vakaedza kuvaita vese maPentekosti. Haugone kuzviita, asi kanzuru ndiyo mhinduro kwamuri. Ndiyo mhinduro, izvo Bhaibheri rinoti vachaita,

uye ndizvo chaizvo zvavakaita. Machechi ane hushamwari, hongu, changamire, kuuya pamwe chete, “Zvakanaka, ngativei nekuyanana!”

<sup>80</sup> Bhaibheri rakati, “Vaviri vangafamba seiko pamwe chete kunze kwekunge vabvumirana?”

<sup>81</sup> Vamwe vavo vanoramba nyaya yekuberekwa nemhandara. Makumi masere kubva muzana emachechi echiProtestanti anoramba nyaya yekuberekwa nemhandara. Uye vanoramba rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Vanoramba zviratidzo zvekuuya kwaKe, Simba rerumuko. Vanoramba kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Ungagoita sei, kana Mwari vakaisa nyonganyonga yose iyi munyika nokuti mumwe mudzimai rimwe zuva akapokana chikamu chimwe chiduku cheShoko raVo? Satani akamuudza Chokwadi, zvose kunze kwechinhu chimwe chete, asi ndicho chinhu chakakonzeresa dambudziko rose. Zvino, kana kurwadziwa pamoyo kwese uku nekusuwa kwaunofanira kutarisana nako, nekuda kwekuti chikamu chidiki chimwe chaRo chaive chapokanwa, unofunga here kuti chikamu chidiki chimwe chekupokana chingambotipinza?

<sup>82</sup> Ndicho chikonzero Jesu ari kuuyira Mhandara isina kusvibiswa, yakachena, yakazadzwa neMweya Mutsvene, uye isiri yenyika, asi yeSimba raMwari. Oo, zvinofadza sei kuziva kuti pane mukana wekupinda muBoka iri! Unozviita sei? Haufe wakazviita nekujoinha sanganano. Unozviita kana wabhabhatidzwa noMweya Mutsvene, muMutumbi wakavanzika waJesu Kristu, wakamutswa naYe murumuko, wakasunungurwa kubva murufu nechivi. Ndiyo nzira chete.

<sup>83</sup> Rima! Masanganano makuru, uye boka guru revanhu rinoungana pamwe chete voisa pfungwa dzavo pamusoro paRo, zvino izvozvo zvinokudzosera kumashure munyonganyonga seyakanga iripo pamavambo. Hapana taro zvachose munyaya iyoyo; watongoparara. Uye vose vanongoratidzika sokunge vari kufadzwa zvikuru nezvemachechi aya ane hushamwari, vachifunga kuti Mwari vachange vainavo. “Saka, Mireniyamu ichatanga kana kanzuru yose yaungana kumusoro uko, nemafambiro ose emubatanidzwa wemasanganano, nezvimwe zvakadaro,” uye vanojoinha. Ko vari kuitei? Vari kugadzira mufananidzo kuchikara, simba, rekuti vose vasiri wemasanganano, nevamwe vakadaro, vasingazobatane navo, vachavharirwa kunze. Ingotarisai muone kana zvikaitika.

<sup>84</sup> Ndakazvinyora pasi pano, zuva chairo isu...Ishe vakaita kuti ndizvione muna 1933. Uye hezvinoi zviri pano nenzira chaiyo yaaka...nenzira yaZvakataura, zvichingouya nenzira imwe cheteyo, kuti papa aizosiya sei Roma, nezvimwe zvakadaro.

<sup>85</sup> Zvino, ivo vanhu vakanaka, asi vari kukanganisa. Josefa naMaria vaive vanhu vakanaka, asi vachikanganisa chaizvo. Asi chaiva chii? Mwari vakashandisa Mukomana ane makore gumi namaviri okuberekwa kuratidza kuti Shoko iroro rinofanira kugara rakachena, chaizvo zvaRakanga riri, zvaRakataura pekutanga, “Akaberekwa nemhandara,” uye ndizvo zvaAiva.

<sup>86</sup> Vachifunga kuti Aiva pamwe navo pavakajoinha machechi, nezvimwe zvakadaro, asi Zvakanga zvisina kudaro. Zvino, asi kune Vasanangurwa. . . Zvino, ndiro rima, uye ndinogona kuramba ndiri pazviri kweimwe awa.

<sup>87</sup> Asi kune Vasanangurwa, vanokosha uye vakadanwa, Vatsvene vaMwari, ndinoti kwamuri, gore rino rinouya: Rugare, rugare rwaMwari!

<sup>88</sup> Nguva yasvika! Dai ndaive kareko mazuva ekusikwa kwenyika asati aveko, uye ndakatarisa pasi ndokuona chinhu chose, uye Baba vakati kwandiri, “Izuva ripi raungada kurarama?” Ndaiti iko zvino, izvozvi! Ino ndiyo nguva yacho! Ino ndiyo nguva hurusa iyo Chechi yati yambopinda mairi, kuuya kweChikomba kwave kusvika. Oo, Chechi chaiyo yaMwari mupenyu inofanira kunge ichipfuta nemoto, ichibvira, neChiedza cheEvhangeri richisimbiswa pakati pavo. “Simuka upenye, nekuti Chiedza chasvika kwauri,” Chiedza chezuva rino. Isaya akanga ari chiedza chezuva rake. Noa akanga ari chiedza chezuva rake. Sei? Akanga ane Shoko rakaratidzwa. Uye Evhangeri, Mashoko eBhaibheri ezuva rino, ndiwo Chiedza chezuva rino. Inguva inobwinya yakadini yatiri kurarama!

<sup>89</sup> Zvino, “mangwanani akanaka” zvinoreva *rugare*. Rima riri kuungana. Riri kuunganirei? Kuratidza Chiedza. Isaya 60:1, “Simuka upenye, nekuti chiedza chauya kwauri.” Ndicho chikonzero ndichigona kuti, “Rugare,” Chiedza chauya kwauri, rugare rwaMwari kuMudzimai akasanangurwa, kuMudzimai akasanangurwa; avo Mwari, nyika isati yavambwa, vakadana nekuvagadza kwaRiri.

<sup>90</sup> Vamwe vose havamboRioni. Havambofo vakaziva chero zvacho pamusoro paRo. Bhaibheri rakataura kudaro. Zvino Jesu akati, “Hapana munhu achauya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva, kutanga; uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya.” Ndizvo. . .

<sup>91</sup> Hapo pakamira Judhasi, Chiedza chichipenya kumusoro *kuno*, asi seri mumwoyo make maiva nembeu nhema. Mangange paakauya, rima rakaratidza.

<sup>92</sup> Hepanoi paiva nemudzimai mudiki, akwegura, akasviba, kumusoro *kuno* kumberi, asi zasi *kuno* aiva nembeu yakatemerwa. Zvino pakauya Chiedza, Chakaparadzira rima, uye ikazviratidza. “Tinoziva kuti Mhesiya ari kuuya, uye, paAchauya, Achatiratidza zvinhu izvi.”

Jesu akati, “Ndini Iye.”

<sup>93</sup> Asi Judhasi akaZvipokana, asi achifanirwa kunge ari kufamba muChiedza. Munoono, Chiedza chiri kumusoro *kuno* hachina basa; Chiedza chiri zasi *kuno* ndicho chine basa. Chiedza chiri kumusoro *kuno* chichafamba chichiyanana, nezvimwe zvose; asi kana simba chaira raMwari rapinda, harikwanise kudzoka kumbeu yakafa *iyi*, rinobva razviratidza mune sangano.

<sup>94</sup> Asi kana Iri seri zasi *kuno*, mbeu yechokwadi, yakatemerwa, kana Chiedza ichocho chikauya zasi *kuno*, chinoratidza rima rose richibva pauri, uye chokuisa mukuyanana naKristu. Ndiye Akakupa Hupenyu nyika isati yavambwa, zvikasadaro haufe wakaZviona, zvakataurwa naMwari.

<sup>95</sup> Zvino, kwauri Mbeu yakatemerwa, Rugare! Amen. Rugare rwaMwari ngaruve pamusoro penyu, nekuti tave pedyo nemagumo zvino. Tave zasi chaiko pedyo nemagumo. Tichazotaura pamusoro peboka iroro, kwechinguva. Rugare!

<sup>96</sup> Chiedza chaMwari chauya. Shoko, Chiedza, chasimbiswa zvakare, kuitira kuti mugone kuona kuratidzwa kwevimbiso yaMwari yezuva rino. “Nzverai Magwaro, maAri munofunga kuti mune Hupenyu Husingaperi.” Anopupura nezvezuva ratiri kurarama mariri. Chiedza chezuva chii? Bhaibheri rakavimbisei nezvezuva rino? Onai kuti inguva ipi!

<sup>97</sup> Ndosaka Jesu akavatsiura nekusatenda Johane. Akanga ari chiedza, nokuti muporofita akati aizouya. Uye hapo paaiva, chiedza chakaratidzwa. Havana kuchiona. Havana kuchinzwisisa; vakafunga kuti aiva Mhesiya, uye *ivo* vakafunga chimwewo chinhu, uye nechimwewo *ichi*. Vakatatadza kuChiona.

Jesu akauya. Zviedza zviviri hazvigone kupenya panguva imwe chete.

<sup>98</sup> Hapagoni kuva nechiedza chechechi uye neChiedza chaMwari zvichivheneka panguva imwe chete. Chinofanira kuva Chiedza chaMwari chichidzima chiedza chechechi. Uye ndizvo chaizvo zviri kuitika nhasi. Mwari vari kupatsanura zvmachechi kubva kuChiedza chaVo cheShoko rakavimbiswa renguva ino yatiri kurarama mairi. Ndicho Chokwadi, shamwari. Unogona kusada kuzvitenda izvozvo, asi ingomira uye uone kana zviri izvo kana kuti kwete. Usamire, zviri nani wapinda izvozvi pachiiine mukana wekupinda.

<sup>99</sup> Shoko Chiedza kana Rasimbiswa. Kusvikira Shoko, rakavimbiswa muzuva iroro, rasimbiswa, zvino hachisi Chiedza. Hazvigoni kudaro. Kana Mwari vakati, “Ngakuve nechiedza,” uye poshaya zuva rakavapo, hapana chiratidzo chechiedza. Asi Mwari pavakati, “Ngakuve nechiedza,” chiedza ndokuvapo. Mwari pavakavimbisa Mhesiya, Mhesiya akauya, zvararo Shoko raKe rakabva razadzikiswa uye Akanga ari Chiedza chenguva. PaAkavimbisa Noa, uye Akavimbisa vamwe, uye zvichienda zvichidzika, vaive chiedza chenguva.



<sup>100</sup> Uye pane Chiedza chenguva nhasi, ndiJesu Kristu musimba rekumuka kwaKe, Shoko raKe rakavimbiswa rezuva rino. “Mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaaita; makuru kune aya muchaaaita, nekuti Ndinoenda kuna Baba.” Mabasa makuru, zvinhu zvikuru pane zvaAkaita? Munozvitenda here? Ndinozvitenda. Zvinoita sezvakaninipa. Zvinoita sekunge zvinoenda nepamusoro pemisoro yevanhu. Tarisai paAive pano panyika, waigona kuita mabasa “makuru” sei? Ndakazvidudzira, kakawanda, “akadarika,” asi chinhu chimwe chete. “Makuru,” Akati muna Mutsvene Johane 14:12, “mabasa makuru kune aya muchaaaita.”

<sup>101</sup> Makacherechedza here? PaAkaenda kunoshandura mvura kuita waini, Akatora mvura, kutanga; chinhu chakatofanosikwa kare, ndokuchishandura kuita waini. PaAkapa chikafu kuvanhu zviuru zvishanu, Akatora hove yakamboshambira mumvura, akaimedura, akaigovera, ndokuwanza zvichibva pane zvakasikwa. Akatora chingwa chaimbova gorosi, chikabikwa kuita chingwa, akachimedura ndokuchirembedza kune... akachigovera kuvanhu, uye chikadzokerazve. Kuwanza zvichibva pane zvakasikwa!

<sup>102</sup> Asi mumazuva ekupedzisira, apo pasina chiratidzo chechakasikwa, Vanochitaura kuti chisikwe, zvakadaro, vanoratidza kuva Mwari vamwe chete vakanga vari pamavambo. Vanokwanisa kusika tsindi, Vanokwanisa kusika chero chaVanoda, nekuti iVo ndiMwari. “Zvinhu zvikuru kupfuura izvi muchaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Shoko harikundiye, uye Rinofanira kuratidzwa uye rinofanira kuzadzikiswa. “Zvikuru kupfuura izvi muchaita,” kwete kuwanza, asi kutaura kuti zvisikwe.

<sup>103</sup> Cherechedzai paShoko zvino paAkavimbisa. Ndekupi, tave papi, zvino? Tiri kurarama muzuva ripi? Inguva ipi? Kuratidzwa kweShoko raMwari, sezvazviri munguva dzose. Mukawana Mharidzo ye*Mazera Manomwe eKereke*. Nyatsotaraisai chaizvo kuti chimwe nechimwe chezvika izvozvo zvakabuda sei, neZvikara zvakazvitevera. Nyatsotaraisai chaizvo kana zvisina kusvika chaizvo nemuzera revavandudzi, uye nezera rose, chaizvoizvo nenzira yazvaifanira kuva, chaizvoizvo zvakataurwa neShoko. Uye naizvozvo Mweya Mutsvene ucharatidza nhasi chaizvoizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti zvichazova.

<sup>104</sup> Tinoona mumvuri mumatenga nepanyika, nezvinhu zvose, nemakanzuru nezvinhu zvichigadzirira.

<sup>105</sup> Uye tinoona, pakati pezvose izvozvo, Evhangeri inobwinya yaJesu Kristu, yakavimbiswa yezuva rino, ichiZviratidza. Tiri kurarama munguva inoshamisa. Rugare kwamuri imi mune Shoko pakadzika mumoyo menyu, makasarudzwa nyika isati yavambwa, kunzwa Shoko rezuva rino. Kana ukasadaro, igore

rakashata kwauri kumberi. Kana uri, inyika huru kwauri mberi, kana kuti zuva guru, gore guru riri kuuya zvino, gore idzva.

<sup>106</sup> Kwete kuvhura peji itsva; vanhu vazhinji vanoedza kuvhura peji itsva pagore idzva, voridzoserera kumashure zuva rinotevera.

<sup>107</sup> Sekanyaya kadiki kandaiverenga mamwe mangwanani. Mumwe mukadzi akadanidzira kumurume wake, uyo akanga amuka rungwanangwana ndokubuda kunowana bepa remangwanani, zvino aiverenga bepa remangwanani. Akati... Mudzimai akati, “Pane chitsva here munhau?”

Akati, “Kwete, chingori chinhu chimwe chete, kungoti vanhu ndivo vakasiyana.”

<sup>108</sup> Ndizvo zvazvakada kuitawo nhasi, chinhu chimwe chete. Tine sangano idzva, dzidziso imwe chete yekare; kungoinatsurudza, mumwe munhu anatora chikamu chidiki chayochienda *neuku* kana *neuko*.

<sup>109</sup> Rino izuva idzva. Hareruya! Iri izuva ratinofanira kusimuka nekupenya, muSimba raJesu Kristu. Rima guru rakagara pamusoro penyika; panofanira kuva nezuva idzva kwatiri, hongu, zvirokwazvo, tichizviita nenzira yaVanozviita nayo. Asi tendekira kuShoko raVo ugoona vimbiso yakavimbiswa yezuva rino, uye uchaziva kuti uri kurarama muChiedza chezuva here kana kuti kwete. Kushandura karenda hakushanduri nguva; kunongoshandura karenda.

<sup>110</sup> Zvino nyatsoteererai. Ita sezvakaita Dhavhidhi, isa ramangwana rako muruoko rwaVo. “Sei? Chii chandinofanira kuziva chekuita, Hama Branham?” Isa ramangwana rako muruoko rwaVo. Zvisinei nekuti chii chinouya kana chinoenda; vimba naVo. Ivo iShoko, zvino ziva. Dhavhidhi akati, “Nguva yaVo iri muruoko rwaNgu. Vimba naVo nguva dzose. Nguva dzose vimba naVo.” Aiziva kuti Ndiani akabata ramangwana, Dhavhidhi aiziva, ndicho chikonzero aikwanisa kutaura izvozvi. Pane Mumwe chete akabata ramangwana, ndiMwari. Saka, Vakabata ra—ramangwana, Varege vakubate. Zvakanaka.

<sup>111</sup> Vamwe vanhu vanoti, “Asi, Hama Branham, ndakaedza uye ndikaedza.”

<sup>112</sup> Asi mira zvishoma. Kutsungirira isimba. Kutsungirira isimba reMweya Mutsvene. “Avo vanomirira pana Jehovha vachavandudza simba ravo.”

<sup>113</sup> Unoti, “Ndingamirira sei zvakare?” Ingoramba wakamirira. Kana waita zvose zvaunogona kuita kuti umire, zvino mira, waona, ingomira. “Ko ndichazviita sei?” Mira! Vakati iChokwadi, uye iChokwadi. Vakati zvichaitika. “Sei?” Handizive; asi zvichaitika. Vakataura kudaro. Vakazvivimbisa. Kana Vakazvivimbisa, zvichaitika. Ndizvo zvoga. Hazvигoni kupera basa.

114 Saka zvino chingorangarirai, Mwari vakatora zviuru zvemakore kuzadzisa vimbiso yaVo yeMuponesi aiuya. Makore zviuru zvina, Mwari avakatora kuti vazadzise chipikirwa ichocho. Asi Vaiziva, kubva pamavambo, pazvaizoitika chaipo. Vaiziva; hapana mumwe aizviita. Vakangoti zvaizoitika. Zvino pazvakaitika, vanhu vakanga vari mukudzimaidzwa kukuru, kusvikira vakashaya kuti vozvigamuchira sei. Ndokunge chinhu chimwe chete ichocho chisina kudzokorora zvakare! Zvinogara zvichidaro, hazwife zvakakundika, mativi ose maviri, nguva dzose.

115 Chii chaVakaita mumakore aya? Vakaraidza mifananidzo yokuywa kwaVo.

116 Vakazviratidza muna Josefa. Kana mukatarisa hupenyu hwaJosefa; aivengwa nevakoma vake, achidiwa nababa vake. Sei? Nekuti aive wemweya, nekuti aiona zviratidzo. Vamwe vose vaisaona zviratidzo; vaive madzitataguru asi vaisaona zviratidzo, kududzira zviroti. Asi vaimuitira godi. Uye akatengeswa nemasirivheri anenge makumi matatu, akasimudzwa achibva mugomba maaifanira kuuraiwa, akagara kuruoko rwerudyi rwaFarao. Zvino paakabva pachigaro chehushe, hwamanda yakarira, “Pfungamai; Josefa ari kuuya!”

117 Chaizvoizvo zvakaitwa Jesu, agere kuruoko rwerudyi rwaMwari. Uye paAnobva paChigaro chehushe, hwamanda dzicharira. Uye ibvi rose richapfungama, nokupupura kuna Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari. Chaizvoizvo.

118 Akazviratidza mumifananidzo yaDhavhidhi, paakanga ari kumusoro pa...mambo akarambwa akatarisa Jerusarema, achichema. “Kangani kandaizokuvhumbamira, sezvinoita huku kuhukwana dzayo, asi wakaramba.”

119 Zvichidzika nemuzera, Vakazviratidza mumifananidzo, vachiziva kuti rimwe zuva mufananidzo wekupedzisira uchazadziswa, uye kuratidzwa kuzere kwaMhesiya waVo akavimbiswa kwaizovapo. Zvino pakauya vimbiso izere, kunyangwe Vakaifananidzira...Zuva nezuva, gore negore, Vakaifananidzira. Uye payakasvika pakuve mazvirokwazvo, havana kuitenda.

120 Vakaita chinhu chimwe chete, vakachifananidzira, uye vakachiratidza mumazera echechi, nezvose, kusvika panguva yatiri kurarama, zvino vanhu vari murima guru, zvinoita sokunge vasingatombokwanisi kuzvinzwisisa. Chinhu chinusuwisa chakadaro!

121 Zvakangofanana nekuona murume wechidiki kunze uko, akanaka, mukuru, muchinda akaumbwa zvakanaka ane vhudzi rake, apa akapendera vhudzi mudenga sezvinoita madzimai, uye akapfeka bhurauzi rinobata muviri, nejuzi rakakura rakareba rakaremba pasi, uye akapfeka shangu dzepeporo. Munhurume? Oo, ini zvangu, chinhu chakaipa sei chekudana

kuti murume! Chinhu chakadini chekudaidza kuti murume! Ndizvozvo chaizvo.

<sup>122</sup> Kuona mumwe mudzimai, anofanirwa kunge akatsvinda uye akanaka, achibuda akapfeka mudhebhe wechirume, mudzanga uri mumuromo wake, nebvudzi rakagerwa. Chinhu chakadini chekudaidza kuti mukadzi! Jesu akadaidza Maria kuti, “mukadzi.” Haatombofanire kudaidzwa kudaro; angori munhukadzi chete.

<sup>123</sup> Cherechedzai, uye nguva! Sei? Dzimwe nguva vanhu vanoti uye vanofunga kuti vakaperera, asi rima guru ravapinza mune izvi. Bhaibheri rakati vaizova saizvozvo. Verengai Isaya 6 muone kana vakadzi vaisafanira kuita saizvozvo mumazuva okupedzisira, chaizvoizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti vaizova. IShoko raMwari. Jeremia nevamwe vakasiyana vakataura nezvenguva ino yatiri kurarama zvino, nokuti vakaona magumo kubva kumavambo. Saka tinoona zvinhu izvi, uye nerima guru riri pamusoro pevanhu.

<sup>124</sup> Hongu, zvakatorera Mwari zviuru zvemakore, kukanda. . . vachiratidza mifananidzo uye nezvese, uye pakupedzisira havana kuMuziva paAkauya, kunyangwe Aive akafananidzirwa muna Josefa naDhavhidhi naEria, uye nevose zvichidzika neikoko. Akafananidzirwa navo, asi zvakadaro hatinzwisise kuti sei vasina kuZviona. Uye hapo pazvaive, muMagwaro chaimo, “Kubva muBheterehema reJudhea,” Aizozvarwa. Tinozviona muMagwaro, kuti Aizozvarwa sei, mhandara. “Mhandara ichava nemimba igozvara Mwana, uye vachatumidza Zita raKe kuti Emanueri.”

<sup>125</sup> Ko vakaMuuraya nekuda kwei? “Nokuti AkaZviita Mwari,” uye Akanga ari Mwari. Chokwadi, vanoZvibvuma. “Akati AnoZviita Mwari, akaenzana naMwari, achiti, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari.’” Handiti, Aiva!

<sup>126</sup> Bhaibheri rakati Anofanira kudaidzwa kuti, “Gurukota, Muchinda woRugare, Mwari vane masimba, Baba vokusingaperi, Anoshamisa!” Ndizvo zvaAiva. Sei vasina kuzvinzwisisa izvozvo?

Ndosaka Akati, “Munofanira kunzvera Magwaro.”

Vakati, “Tiri vadzidzi vaMosesi.”

<sup>127</sup> Akati, “Dai maiva vadzidzi vaMosesi, maizoNdiziva. Mosesi akanyora nezvaNgu.” Zvino havana kuzviziva.

<sup>128</sup> Uye nguva yava pavanhu zvakare, pavachaenda kuzvitendwa zvavo nezvinhu, pachinzvimbo chaJesu akanaka. Ndizvozvo. Zvinhu zvikuru izvi zviru kuuya, uye zviru kuvapinza murima rakawedzerwa richiwedzera kusviba. Uye Mwari vachizvitaura muShoko raVo, nezviratidzo nezvishamiso mumatenga, uye vachiratidza, vachitaura zvinhu zvinoitika nemazvo kusvika paawa yacho kusvika paminiti, zvaizoitika.

Uye zvakare vanoramba vachifambira mberi nenzira imwe cheteyo. Zvinoita sekuti havagone kuzvibatsira. Vanhu vakanaka, hongu, changamire, vachiita zvimwe chete zvino sezvavakaita kare.

<sup>129</sup> Tiri zvisikwa zvenguva. Mwari zvisikwa zvaZiyendanakuenda. . . Mwari chisikwa chaZiyendanakuenda. HaVana kumbovamba uye haVambofi vakaguma. Saka wadii kungozvipira kwaVari? Tarisa kumusoro, upenye nemufaro weChiedza cheShoko raMwari chiri kupenya nhasi. Sei vanhu vasiri kukwanisa kuZviona, shamwari?

<sup>130</sup> Teererai, ndiri hama yenyu. Ndinokudai. Hazvingave nyore here kwandiri kuti ndingobvumirana nazvo, apo, ndopfuurira mberi ndoti, “Oo, zvakanaka, ndicharerutsa pane Izvi, ndichare- . . .”? Handina kugadzirwa neizvozvo. Kwete, changamire. Kana riri Shoko, iShoko. Mwari vatibatsire kumira nechinhw ichocho chinova chokwadi! Hongu, changamire. Zvingave zvakanaka, chokwadi, unowana kumwezve kubhabhadzirwa kumusana. Asi ini, ndinozoita sei ndakamira ipapo Zuva iroro apo minwe yakaondoroka iyoyo ichinongedzera kumeso kwangu ichiti, “Waiziva zviri nani, asi wakatadza kutiudza”? Fiyuu! Kwete!

<sup>131</sup> Ndichaita saPauro, “Handina kumborega kukuparidzirai Zano rose raMwari.” Hapana ropa remunhu riri pandiri. NgaRiende kwaringave. Ndicho Chokwadi. Mwari vanozviziva, uye Vanozvitsigira voti iChokwadi.

<sup>132</sup> Kutendeukira kuna ani, kuna Hama Branham? Iwe, unenge uri benzi kuita chinhu chakadaro. Tendeukira kuna Kristu, uye ndiYe Shoko! Tendeukira kuna Kristu!

<sup>133</sup> Ibva pazvitendwa! Dzokera mune. . . Handina basa nazvo, unogona kunge wakatanga chitendwa chako, makore mazana mashanu akapfuura, chaunongo. . . Izvozvo hazvireve chinhu chimwe zvacho kuna Mwari. VaSadhuse nevaFarise vakatanga kare imi musati, zvino vakapomerwa mhosva.

<sup>134</sup> Oo, unoedza kuisa chiratidzo chako cheMweya Mutsvene pazviito zvakasiyana-siyana. Ndinotenda mukuratidzwa kweMweya Mutsvene. Chii chazvinoita? MuPentekosti anoti, “Kutaura nendimi ndicho chiratidzo chekutanga cheMweya Mutsvene.” Ndakaona varoyi nen’anga vachitaura nendimi. Ndakavaona vachitaura nendimi uye vachinwa ropa kubva mudehenya remunhu, uye vachiporofita nokuramba kuti kwaiva nechinhw chakadaro saMwari. Ndakambova mumisasa yevaroyi kwavanoisa penzura patafura voiita kuti isvetuke-svetuke, uye yonyora nendimi dzisingazivikanwi uye vodzidudzira. Ndizvozvo. Izvozvo hazvina nechinhw cheku. . . Zvakadaro, ndinotenda kuti Mwari vanotaura nendimi dzisingazivikanwi kubudikidza nemuvanhu vaVo. Asi munonyanyorovedzera pane

izvozvo, “Panofanira sei kuva nemududziri? Seiko richifanira kuva shoko kuchechi?”

<sup>135</sup> Zvino imi vamwe vanhu, munoti, “Zvibereko zveMweya, ndiwo maziviro atinoita. Rudo, mufaro, ndiyo nzira yatakawana nayo humbowo.” Ndizvo? Zvino veChristian Science vanokukundai mose. Vanozviita kupfuura imi mose maPentekosti, maMethodisti, nemaBaptisti, makaiswa pamwe chete.

<sup>136</sup> Tarisai zvinoitika. Regai ndikuratidzei zvibereko zveMweya, uye muone kana muchikwanisa kuendera izvozvo zvakare. Ngatitorei Jesu. Mwari ndiregerereiwo nemashoko aya andichataura; NdichaMupandukira kwechinguvana, kuti ndikuratidzei, torai kanzuru yevarume iyi pano, nekanzuru yevarume pano masikati ano. Ndichati. . .

<sup>137</sup> “Madzichangamire, pane Muchinda wechidiki ari kuno, ane Zita rekuti Jesu weNazareta, musave nechekuita naYe! Ndiani aive wekutanga. . .Bhaibheri redu rinotidzidzisei? Mwari rudo. Ndiani aive wekutanga newe pawakazvarwa? Muprisita wenyu ane mutsa, akwegura. Ndizvozvo. Ndiani akauya kwauri pawainge uchishaya, uchisina mari, zvino ndokukukweretesa mari? Muprisita wenyu mutana, ane mutsa. Ndizvozvo. Ndiani akaisa ruoko rwake pafudzi rako uye nepapfudzi raamai vako, pamainge moda kuparadzana, ndokukunyengererai kudzoka kuna Mwari? Muprisita wenyu mutana, ane mutsa. Ndiani akamira newe, apo iwe nemuvakidzani wako pamaipopotedzana, akakudzosai zvakare pamwe chete mukuyanana? Muprisita wenyu mutana, ane mutsa. Ndizvozvo chaizvo. Ndiani, achataura mashoko ekupedzisira pamusoro pako pazuva iroro uko? Ndiani? Vanokusiya wakarara ipapo wooru; asi muprisita wenyu mutana, ane mutsa anouya zvino okuropafadza, uye otumira Shoko raMwari pamwe chete newe. Muprisita wenyu mutana, ane mutsa!

<sup>138</sup> “Ko Muchinda uyu anonzi Jesu weNazareta, zvino, munoona, Akabva kuchikoro chipi? Muprisita wenyu mutana, ane mutsa akatozopira, hupenyu hwake hwose. Sekuru vake vaiva muprisita. Baba vababa vababa vababa vababa vasekuru vake vaive muprisita. Akaisa nguva yake yose musangano. Akadzidziswa kuShoko; anoziva zvaari kutaura nezvazvo.”

<sup>139</sup> Zvino tiri kutaura nezvezvibereko zveMweya: mutsa, rudo, mufaro, rugare, kunzwisisa, mwoyo murefu, kutsungirira, munoona, chibereko cheMweya.

<sup>140</sup> “Ko Jesu uyu, Akabvepi? Hatina kana shoko rekuti Akambobudawo mune chero chikoro chipi zvacho. ChaAnoita chete kuedza kuputsa zvikoro zvatakavaka.” Hapana muchero weMweya wakanyanya apa, ndizvo here?

141 “Akaitai kumusoro uko kune vatengesi vanonzwisa urombo zasi uko, nevarume vemabhizimu vaifanira kuto...Ivo, havachengeti makwai, saka va—vanoisa kadanga kunze uko kuti munhu agone kuunzamo gwai. Muzvinabhizimu iyeye anonzwise urombo, a—anoda kupirisa gwai, nokuti ndizvo zvinodiwa naMwari. Anounza ma—makwai, kuti atengesere muzvinabhizimu, kuti agone kupirisa kuitira mweya wake. Ko Jesu weNazareta uyu akaitai? Akakavira pasi matafura ake; akatora dehwe akariruka pamwe chete, akarova vaprisita ivavo kuti vabude imomo; uye akadana muprisita wenyu mutana, ane mutsa kuti, ‘nyoka iri muhuswa; munyengeri!’”

142 Zvino mozvidaidza izvozvo kuti chibereko cheMweya here? Zvirokwazvo kwete. Zvino chibereko chako cheMweya chiri kunomhara papi? Semafungiro aungaita pamusoro pekunzwira, naIye achifamba nemumhomho yevanhu ikoko, mhomho yevanhu vakavata, mapofu, vakaremara, vanotambudzwa, vakaunyana, vakaoma mitezo, vakaremara, uye haana kumboporesa chero ani zvake wavo; azere nekunzwira. Vanhu vane pfungwa dzenyama havamboZviziva. Maseminari haaZvidzidzisi. Chizaruro. Zvirokwazvo. Chibereko cheMweya chinodonhera ipapo, hachidaro here? Vaprisita ivavo vaive nezvibereko zveMweya zvakapetwa kagumi.

143 Ungaziva sei zvinova zviri izvo? Kuratidzwa kweShoko raMwari rakataurwa richiratidzwa, Chiedza chenguva. Zvirokwazvo. Hechoka icho chinova chiratidzo cheMweya Mutsvene, kutenda Shoko raMwari paRinoratidzwa. Akanga ari Shoko, rakaratidzwa. Uye vamwe vavo vakaRiramba, vakaRiseka, vakaita jee naYe uye vakaMudana kuti mu—muuki, mumwe mweya wakaipa; kune humbowo, kutaura nendimi, kune humbowo hwezvibereko. Chiratidzo chega chiripo, ndeapo munhu paanotenda Shoko rakanyorwa. Kana Rasimbiswa, ofamba muChiedza chaRo. Jesu akanga ari Chiedza chenguva nokuti Akanga ari Shoko rakavimbiswa renguva, uye ndokuedza kuvaudza kudaro, asi vaive murima rakanyanyisa—rakanyanyisa kuti vaZvinzwise. Ndizvo zvazviri, nhasi, zvino.

144 Zvino isu tiri, zvisikwa zvenguva. Kumikidza nzira dzako kwaAri, uye Achaburitsa remangwana zvakana, nokuti tinongoMuona sezvaAri muShoko.

145 MakaMuona achisimbisa Shoko rakavimbiswa ranhasi. Munozviona muzviratidzo mumwedzi. Munozviona mumachechi. Rangarirai.

146 “Mati, ‘muchechi,’ izvozvo zvinei nechokuita nechechi?”

147 Mirai zvishoma. Mwedzi unomiririra chechi. Jerusarema ndiro guta rechechi rekaresa rinozivikanwa pasi rose. Merkizedheki akabva muguta iroro; Mambo weSaremi, Mambo worugare, Mambo weJerusarema. Ndizvozvo, guta rekaresa pasi rose. Zvino ndiro raiva mwedzi, seapo pakagadzwa

murairo, zvino hepanoi ndokuuya iri saisai rerima reMarudzi richiuya pamusoro paro. Akati, “Che—chechi yaizotsika-tsika masvingo eJerusarema kusvikira mwaka weMarudzi wopera.” Uye heinoini pairi. Tiri kurarama mairi chaimo. Iri kudzokera chaiko, sechokwadi chekuti zita rangu ndiWilliam Branham. Hongu, changamire, tinogona kuzviona. Yakafukidzwa nemumvuri, yakafanofananidzirwa, yakafanotaurwa; kudanira Vasanangurwa kunze. Vanoramba vachitsvanzvadzira murima, vamwe vavo vose, vachifamba havo. Zvakana.

<sup>148</sup> Zvino tinoona Shoko raVo richisimbiswa. Tinotenda. Saka kana Vakasimbisa Shoko ranhasi, zvaRiri, ndine basa nei nazvo zvichaunzwa negore? Ndine basa nei nazvo zvegore rinouya? Ndine basa rei nazvo kana ndikararama nhasi kana ndikafa nhasi? Shoko rose raVakavimbisa richasimbiswa, rimwe nerimwe! Kana Vachikwanisa kuzviita nhasi, mushure mekuzvivimbisa zviuru zviviri zve makore akapfuura; kana ari makore zviuru zana, nhasi, Jesu achadzoka panyika ari mumutumbi unooneka, kuitira Chechi, ya—Yakadzikinurwa, Mwenga, uye oUbvisa pano. Zvisinei kuti chii chinouya, chinoenda, mafashoni, zvichinzi “enderera mberi,” uye vanhu vanogona kufambira murima guru uye vogotenda chero chavanoda kutenda, asi Jesu Kristu achadzoka zvakare. Ndinosiira ramangwana kwaAri, zvino. “Ishe Mwari, handizivi kuti ramangwana rinei, asi ndinoziva kuti Makabata ramangwana.”

<sup>149</sup> Shoko raVo rakangofanana nemutinhimhira mukuru. Vangani venyu vakambonzwa mutinhimhira? Saka, munhu wose akanzwa. Zvino rangarirai, mutinhimira ndeapo mumhanzi anoridzwa mumutambo. Ndinofunga ndazviisa nenzira chaiyo, mutinhimira. “Peter and the Wolf,” munorangarira iwoyo, nyaya yekare yokuti vaisimbo. . . Ndakazvinzwa, kuti vanotora sei ngoma voridza se—sekugogodza kwehohodza pamuti, naPeter achibuda, uye nekuhon’a kwemhumhi, nokurira kwemabhero; mutinhimira.

<sup>150</sup> Zvino, kana usinganzwisise mutinhimira, ruzha rukuru rwusinganzwisise kwauri, kana usingaunzwisise. Ufanira kunzwisa kuti chii. Zvese zvinoitwa nezviratidzo uye nemafambiro, asi zvinoita mutambo mumutinhimira uyu. Zvino, tinocherechedza, mumwe chete anonzwisisa mutinhimira ndiye nyanduri neavo vanofarira kuuziva, vanoziva shanduko dzawo, vanoziva zvinoitika.

<sup>151</sup> Nyanduri anoziva mafambiro ese, kubva kumagumo kusvika kwekutanga, kubva kwekutanga kusvika kwekupedzisira. Maizviva here? Uyo akazvinyora, anonyora izvi, anoziva shanduko diki yose. Kana achiziva shanduko yese, saka ndizvo zvinofanira kuitawo mutungamiriri, kuti autungamirire. Zvino uchamonyera sei chitendwa chako mune izvozvo? Kakukanganisa kamwe kadiki kechitanda ichocho, chiratidzo



ichocho, kachiratidzo kadiki kakapotsa pashanduko, kanovhiringidza vanoridza vese, zvobva zvavhiringidza mutinhimira wese. Zvino munoziva kuti ichokwadi. Nyanduri nemutungamiriri vanofanira kunge vari mumweya mumwe chete.

<sup>152</sup> Ndicho chikonzero mushumiri neShoko raMwari, Mutinhimira mukuru waMwari waVainge vachiridza kubvira mavambo enguva; mushumiri, paShoko, haafanire kutarisa apa oti, “Ndinotenda kuti *izvi* zvinofanira kuva; munofanira kuZviita nenzira *iyi*.” Anofanira kufamba nenzira iyo bepa reMumhanzi rinoti uzvitore. Ndiyo nzira iyo Evhangeri inofanira kuparidzwa, nenzira iyo Shoko rinoti uRitore. Munoziva, kana ukakanda chitendwa Imomo, unovhiringa zvinhu zvose. Zvinofanira kugadzira mutambo uri chaizvoizvo nemazvo.

<sup>153</sup> Mutungamiriri anofanira kuita zvakataurwa nemunyoru, achitungamirira nemazvo chaimo, mumhanzi. Zvino tarisai, zvose zvinoitwa nezviratidzo, uye chinofanira kuva mhando chaiyo yechiratidzo, kuti chiye mhando chaiyo yeruzha.

<sup>154</sup> Pauro akati, “Kana hwamanda ikapa ruzha rwusinganzwisiki, ndiani angazvigadzirira kunorwa hondo?”

<sup>155</sup> Zvino munoona Nyanduri, Mwari, Avo vakanyora Bhaibheri, chose chizaruro chaJesu Kristu. Vaiziva shanduko dzenguva. Zvino munhu wacho, mu—mutungamiriri ari kuvatungamirira, chiratidzo chezera, chinofanira kunyatsoenderana nezviratidzo zveMuBhaibheri. Hareruya! Ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu, ini zvangu!

<sup>156</sup> Oo, hama, hanzvadzi, dambudziko renyika nderei? Nhai ndiri kupenga here? Pane chimwe chinhu chakanganisika pane imwe nzvimbo. Mutinhimira hausu kuenderana neMumhanzi wepabepa! Vari kugadzira chitendwa chechechi nezvimwe zvose, iro riri Shoko riri kufanira kuparidzwa, kuti riratidzwe. Pane chimwe chinhu chakanganisika nevatungamiriri, zvino boka revanoridza rose rakavhiringika, uye havazivi zvekuita. Vese vanosekesa, “Chii chaitika? Sei *izvi* zvadai? Chii, *izvi* zvaitika? *Izvi*, ko izvo zvakaitika sei?” Havazivi zvekuita zvino. Kuparadzira, nokuti hazvina kumbouya mukuwirirana neShoko. Ndiro dambudziko nerwedu, rwatinodaizwa kuti, rumutsiro rwezva rekupedzisira. Ndiro dambudziko nemharidzo yedu yePentekosti. Takabuda mumafambiro eBhaibheri, tikaenda kunoita sangano sezvavakaita kumashure uko. Yakarasika mumafambiro.

<sup>157</sup> Mwari, ivai netsitsi. Ndinoshuva kuti dai ndaiva nemazwi andaigona kuita kuti Zvinyurire mukati, tingati, kuti ndaigona kuzvindhura ndigoZviduririra mukati.

<sup>158</sup> Hausu kuona here, hama, hanzvadzi yangu, zvinofanira kuwirirana? Mutungamiriri anofanira kuva pamwe neShoko.

Kana Rikataura chinhu chimwe, usataure chimwewo chinhu; zvinopa chiratidzo chisiri icho, zvino zvese zvinorasa mutinhiro. Ndizvozvo. Shoko raMwari kunzwira kukuru, mutinhimira, waro. Ruregerero. Unofanira kutanga sezvaVakaita, muMumhanzi. Unofanira kutanga naVo. Cherechedzai, pindai mumutinhhiro waRo.

<sup>159</sup> Unoti, “Saka, ndakajoinha chechi.” Hausi mutinhiro wacho. “Ndakadaro.” Hausi mutinhiro wacho. “Ndakaenda kuartari uye nda—ndakati, ‘Ndinotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari.’” Satani anoita zvimwe chetezvo. Hausi mutinhiro wacho. Munoono, unobva warasika. Chii chakaitika? Pamwe mumwe mutungamiriri akakuudza kuti, “Kwazisa maoko uye uise zita rako mubhuku; joinha kirabhu yedu, sangano redu.” Mese makarasika!

<sup>160</sup> Zvino kana chinhu chaicho chatanga kuitika kunze kuno pakati perimwe boka duku, unozoti, “Saka, ko *Izvo*, havasi kuenderana.” Dzokera kuShoko uone kuti ndiani akarasika. Ona zvakavimbiswa naMwari. Ona zvakataurwa naNyanduri pamusoro paZvo.

<sup>161</sup> Munoono, une vanhu vose vari muungano yako. Ndicho chikonzero nyika iri kutarisa kwese-kwese. Apo chechi iri kufanira kuonekwa senyeredzi yakajeka, iri kupenya, Chiedza chakagara pamusoro pechikomo, chisina munhu anogona kuchikunda kupenya, hapana munhu anoChipomera.

<sup>162</sup> Uye, nhasi, ndicho chiseko chenyika, nokuti vatungamiri vakachibvisa mukuwirirana naNyanduri. Munoono zvandiri kureva? Vari kutungamirira zvinhu zvisimo Imomo. Vanoridza mumhanzi havatombozivi zvokuita zvino; chechi, vose vari munyonga-nyonga. Tanga tichitaura pamusoro pezvinhu zvose izvi, makore ose, uye tichizvipomera, asi zvino tave mukubatana chaiko nazvo. Oo, pane chimwe chinhu chakakanganisika pane imwe nzvimbo.

<sup>163</sup> Cherechedzai, unofanira kutangira muMumhanzi sezvaVakaita, pinda mumutinhhiro waWo, pinda muShoko rakavimbiswa. Onai nzira yaVakazviita nayo pakutanga, onai nzira yaVakazviita nayo muzera repakati, onai nzira yaVanozviita nayo zvino, yakafanana nguva dzose.

<sup>164</sup> Tarisai mutungamiriri, kuti anozviita sei. Kana akasazviita, kana akakunongedzerai kune rimwe sangano; hakuna kumbova nemutungamiriri akaita izvozvo. Mutungamiriri anogara achikunongedzerai kuShoko. Vaporofita vakare, vainongedzera kuShoko. Vakanga vari Shoko. Vakararama Shoko. Uye zvakaitei? Zvakaratidza Mwari. Zvakaunza Shoko rakanyorwa rezuva iroro kuhupenyu, nokuti Rakauya kwavari. Rakazarurwa kwavari. Ndiro rakanga riri Dombo ravo. Hareruya!

<sup>165</sup> Jesu Kristu, Shoko raMwari, ndiye Dombo redu. “Padombo iri Ndichavakira Chechi yaNgu,” Shoko raMwari rakazarurwa.

Rugare, kumutendi wechokwadi. Rugare! Tave munguva yekupedzisira. “Padombo iri Ndichavakira Chechi yaNgu,” chizaruro cheShoko.

<sup>166</sup> Mumwe akati, “Saka, uri munhu mukuru. Wakafanana naMosesi. Uri munhu mukuru. Wakafanana . . .” Handizvo.

Asi chizaruro chakati, “Ndimi Mwanakomana waMwari.”

<sup>167</sup> Akati, “Nyama neropa hazvina kumboZvizarura kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga. Pamusoro peZvokwadi yakazarurwa iyi, Ndichavakira Chechi yaNgu.”

<sup>168</sup> Chii? Ndiye Shoko. “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari,” uye Shoko richiri Mwari. Iye chete, mumwe chete nhasi, anoZviratidza sezvaAiva; Mosesi naEria, zvichienda zvichidzika, naJesu, uye naMwari mumwe chete nhasi, zvinoMuita “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” VaHebheru 13:8. Munoono, havana kumbokunongedzerai kuboka. Vakakunongedzerai kuMunhu, vakakunongedzerai kuShoko, Mwari.

“Ndinotangira papi, Hama Branham?”

<sup>169</sup> PaMuchinjikwa, tangira paMuchinjikwa naYe. “Tendeuka, tenda Shoko,” ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Zvino tevera mutinhiro weShoko rose.

Unoti, “Saka, ndichaita sei?”

<sup>170</sup> Ingoramba uchitevera mutinhiro rweShoko. Kana “kutendeuka” chiri chinhu chekutanga, mukucherechedza, ita ivezvo, ndiyo nhanho yako yekutanga. Isa nhanho yako inotevera panotaura Shoko. Ugoenda, ugoramba uchienda, uchifora pamwe naYe.

<sup>171</sup> Usatyora mutinhiro kana uri chikamu cheMutihimira waMwari. Usatyora mutinhiro weShoko. Usabvunze kuti, “Saka, sei? Sei *izvi* zvakaitika? Ndakazviedza, Hama Branham, zvino, pava kandidzinga, munoziva here zvakaitika? Ndakada kufa nenzara.” Usabvunza kuti sei. Vanoziva mutinhiro, mashandukiro awunofanira kuita, uye shanduko yaunofanira kuita, hongu, changamire, nokuti Zvakanyorwa. Vanoziva zvose pamusoro paZvo. Vanoziva mutinhiro. Usabvunza kuti sei. Zvitende!

<sup>172</sup> Mwari vakafamba vachidzika nemunguva yenhoroondo, neShoko raVo rakavimbiswa, muzera rega-rega, uye havasati vambokundika (kutyora) mutinhiro, neSimba raMwari, paRakauya kuvanhu vakasanangurwa uye vakasimbiswa. Mutinhiro weShoko raVo mumazuva aNoa, mutinhiro weShoko raVo mumazuva aNoa, mumazuva aMosesi, mumazuva aEria, mumazuva aJohane, mumazuva aDhavhidhi, mumazuva aJesu, zvichienda zvichidzika, Vanochengeta mutinhiro weShoko, zvichienda zvichidzika, havana kumboRityora.

Vakauya vachidzika chaizvo nemunhoroondo. Zvino Mbeu yakasanangurwa, yakaRiona ndokuRitenda, inowira mutinhiro iwoyo pamwe naRo.

<sup>173</sup> Vamwe vanoti, “Saka, asi chechi inoti...” Hazvinei nechokuita naZvo. Iwe hauna kuzvarwa kuti uite izvozvo.

<sup>174</sup> Unozvarirwa muShoko, nokuti unozvarirwa muna Kristu. Kristu iShoko, hongu, changamire, chimwe nechimwe muzera racho.

<sup>175</sup> Unoti, “Saka, ndichangokuudzai, Hama Branham, handikwanisi kutarira mberi.”

<sup>176</sup> Saka tarisa kumusoro. Mwari vakavimbisa, kana ukatarira kumusoro, woVaona; rugare, runyararo, rugare rwaMwari rwukuzorodze.

<sup>177</sup> Unoti, “Zvino sei vamwe vachindiseka, Hama Branham? Munoziva, vamwe vanondiseka, uye vachiti ndi—ndine ‘bvudzi refu,’ ndiri ‘wechinyakare,’” kumadzimai. Murume wacho, “Nokuti ndinotenda Bhaibheri, ‘Hauchazowadzana nesu zvachose. Hatikwanise kukugamuchira nekuda kwekuti—kwekuti unotenda *zvakati-zvikati*.”

<sup>178</sup> Uye unoziva kuti ndizvo chaizvo manyorerwo akaitwa Shoko. Mwari vanosungirwa kwauro, kuti vaRitsigire ipapo. Vakadaro zvemazvirokwazvo. Usanetseke nazvo, sei vachitaura zvekuseka nazvo. Mwari ndiMwari vane godo. Rangarira, kutambudzika nekuda kweShoko raVo ndiwo marwadzo ekukura enyasha dzaVo. Paunotambudzika nekuda kweShoko raVo, anongori marwadzo ekukura.

<sup>179</sup> Munoziva kuti mwana mudiki, ane makore gumi, gumi nemaviri, anonzwa sei marwadzo. Anopinda, oti, “Amai, maoko angu anorwadza uye makumbo angu ari kurwadza,” zvimwe zvakadaro. Marwadzo ekukura. Zvinoratidza kuti ane mavhitamini akanaka. Ari kukura.

<sup>180</sup> Uye kana mumwe munhu akatanga kukuseka, oti, “Uyu ndewechinyakare. Mutarisei, ari...Oo, ndinokuudza, aisimbove...” Zvakakanaka, ingorangarira, marwadzo ekukura. Ndiko kutambudzwa ikoko kwakakanakira. Marwadzo ekukura.

<sup>181</sup> Oo, hongu, Vanotendera michinjikwa nemharadzano neshanduko. Vanogara vachidaro, kuitira kuti vaticwanisire basa raVo. Vanotendera zvinhu izvozvo kuti zviitike. Haukwanisi kuzvinzwisisa here? Vanoita izvozvo kuti Vagone kukukwanisa kuitira kudanwa kwaVakakudanira. Ndiwo marwadzo ako ekukura. Vakaita Danieri saizvozvo, munoziva.

<sup>182</sup> Vakaita vana vechiHebheru, muvira remoto. Vira remoto rakaita sei? Vira remoto rakadambura chete zvisungiso zvainge zvakavasunga. Ndizvo zvoga zvakaitwa nevira, kungosunungura nokupisa zvisungiso.

183 Dzimwe nguva zvinototora miedzo kudambura zvisungiso zvenyika kubva patiri, kukubvisa munyika. Pamwe, kutokubvisa muchitendwa chako, kutanga. Semunhu ari kunyura murwizi, unofanira kumubuditsa murwizi usati wabuditsa rwizi mumunhu wacho. Ndiyo nzira iyo Mwari vanofanira kuita dzimwe nguva. Rega vakurasire kunze, imwe nguva, zvino vanozobuditsa nyika kubva mauri. Kufanira—kufanira kukubvisa munyika, kutanga. Dzimwe nguva marwadzo ekukura aya ndiwo anoita izvozvo. Oo, hongu.

184 Mwari vanomira paShoko rakavimbiswa regore idzva rega-rega. Vanomira paRiri, gore rino, kuti vazadzise zvaVakavimbisa zvegore rino. Chero zvazvingava, ndinoda kuva pakati chaipo pekuda kwaVo mune ramangwana, sezvavakaita.

185 SaAbrahama, paakasangana nemharadzano dzake, akanga asingazivi kuti aizozviita sei. Mwari vakamuudza, “Ndichakupa mwanakomana.” Makore makumi maviri namashanu akamumirira. Pakupedzisira mwanakomana akauya, zvino Mwari vakabva vati, “Zvino, nemwanakomana uyu, Ndichakuita baba vemarudzi mazhinji. Mutore uende naye kumusoro uko undomuuraya. Mutore uende naye kumusoro undomuuraya,” oparadza chinhu ichocho chaicho chaakanga amirira kwemakore makumi maviri nemashanu. “Mutore kumusoro undomuuraya.”

186 Abrahama haana kumbonetsekana. Hazvina kumbomunetsa. Akasimudza huni ndokuisa pamusoro pembongoro diki, ndokutora mwanakomana wake. Akamutora akaenda naye pamusoro pegomo, kuti amupirise, nekuti Abrahama akaziva kuti akanga amugamuchira semumwe wakabva kuvakafa; Chizvaro chaSara chakanga chafa, akanga asingabereki, saka pakanga pasina nzira. Uye mukomana... Akanga ava namakore zana okuberekwa, uye mudzimai akanga ava namakumi mapfumbamwe, saka akauya neShoko rakavimbiswa. Mwari mumwe chete vakaita vimbiso, vakati, “Ndichakuita baba vemarudzi,” mushure memakore makumi maviri namashanu, uye aine makore zana okuberekwa, iye nomukadzi wake vakagamuchira mwana. Kana Mwari vakamuudza kuti amupirise, Mwari vaikwanisa kumumutsa. Amen.

187 Mwari ngavarumbidzwe, hama. Ndinonzwa zvakanaka. Ndiri kunzwa manyukunyuku ekunamata. Saka ndinonzwa zvakanaka sei! Ndinoziva chinhu chimwe chete ichi, Vanokwanisa kumumutsa zvakare. Tichamira paShoko iroo risina kusvibiswa reChiedza chenguva ino! Mwari vachatimutsa kana chizvarwa chino chauya, seZviedza zvinopenya zvichipikisa chizvarwa chino. Amen.

188 Ndosaka Akati, “Mambokadzi weZasi achasimuka paKutongwa, nechizvarwa chake, uye ochipa mhosva; nokuti

wakabva kunzvimbo dziri kure-kure dzenyika, kuzonzwa huchenjeri hwaSoromoni, zvino, tarirai, mukuru kuna Soromoni ari pano.” Zvokuti mambokadzi mudiki uya, zasi-zasi uko, muhedheni, akaona Chiedza chiya, ndokuuya kwemamaira achipfuura nemugwenga, mwedzi mitatu akatasva ngamera, kuti anzwe huchenjeri hwaSoromoni, uye naivo vakamira ipapo chaipo, naSoromoni ari mufananidzo, chimiro chaKe.

<sup>189</sup> Uye zvakare akauya ndokuona Wesley, Luther, vamwe vose, masangano kumashure ikoko, ari chimiro nemufananidzo wezviri kuitika iye zvino, uye vanofamba vachipfuura nemaZviri. Oo! Zvakanaka.

<sup>190</sup> Nokuti, saka gore idzva rakatarwa naMwari, ingotsunga kugara muShoko raVo. Famba apo Shoko rinoti ufambe, apo tichisvika zvino pakunovhara, sevamwe, Mbeu dzakasanangurwa muzuva ravo pavakaona Shoko. Vakazviita sei? Vakafamba maRiri, kana vaive Mbeu yakanangurwa mune mamwe mazera, nokuti Iye iShoko risingakundiki. Vangani vanotenda kuti Jesu Kristu iShoko? Oo, ini zvangu!

<sup>191</sup> Ndakanzwa chirongwa rimwe zuva, chevanhu verimwe sangano, VaH. M. S. Richards vakati vakange “vanyora bhuku regore.” Handidi kupesana nemurume akadaro. Kunyange, ari weSeventh-day Adventisti, handibvumirani nedzidziso yeSeventh-day Adventisti, asi zvirokwazvo ndinofarira murume wacho. Asi ndichapesana naye. Rinogona kunge riri bhuku raH. M. S. Richards regore idzva.

<sup>192</sup> Asi Bhuku rangu neBhuku renyu, regore idzva, iBhuku regore rekare, Bhaibheri, Shoko raMwari. IngoRiitai kuti rirarame pane zvaRakavimbiswa kuraramira. Hongu, changamire. Uye negore rega-rega rinouya, uye negore rega-rega rakamboveko, NdiMwari Vokusingaperi vanorarama kubudikidza neShoko reKusingaperi raVakataura, apo Chokwadi chemuBhaibheri chose nevimbiso yose iri maRiri yakasimbiswa, sezvazvaive mukufamba kwemakore ose.

<sup>193</sup> Kuti Mwari vakavimbisa sei kuti Vaizoparadza nyika nemvura, uye Vakazvisimbisa naMosesi. . . kana kuti naNoa.

<sup>194</sup> Vakavimbisa kuti Vaizotumira mudzikinuri, uye voburitsa Israeri kubva muEgipita; vakanga vagara kwamakore mazana mana. Vakaita izvozvo chaizvo.

<sup>195</sup> Uye Vakapika kuti Vaizomutsa Dhavhidhi, uye kuti Dhavhidhi aizova mwa—mwanakomana; Kristu aizova mwanakomana wake, kubudikidza naDhavhidhi Kristu aizouya. Vakapika sei kuti Vaizoita izvozvo; Vakaita izvozvo chaizvo.

<sup>196</sup> Vakavimbisa kuti Vaizotumira Johane Mubhabhatidzi, Jesu Kristu asati auya. Vakaita izvozvo chaizvo.

Vakavimbisa kuti Vaizotumira Mhesiya. Vakaita izvozvo chaizvo.

197 Vakavimbisa kuti nyika ichapinda muboka guru remasangano uye yoita hurongwa, simba, rinozivikanwa sechikara, uye richange riri kumusoro uko rakagara pazvikomo zvinomwe. Zvakaitika saizvozvo chaizvo.

198 Kuti chechi inenge ichivatambudza sei, kusvika pakufa! Vakaita izvozvo chaizvo.

199 Kuti vaizobuda sei mukuvandudzwa! Vakaita izvozvo chaizvo. Kuti Vakavimbisa muzera rega-rega kuti zvaizove zvakadaro sei!

200 Uye Vakavimbisa kuzera rino. Zvino heVanoi pano, nhasi uno, vachiita kuti Shoko iroro rive benyu, zvingori chaizvo sezvaVakaita pamavambo. Zvirokwazvo.

201 Uye kana chipikirwa chese chazadziwa, “rufu rwunomedzwa mukukunda,” Jesu achauya; uye wekupedzisira asimbiswa, zvino kuchauya runyararo Rwusingaperi panyika, nerugare Rwusingaperi. Rugare Rwusingaperi, runyararo, zvichazorora panyika.

202 Jesu paAkauya, Muchinda weRugare, sei pakanga pasina rugare? Nokuti Shoko rose harina kuzadzikiswa muzuva raKe. Ari kuRizadzisa nhasi. Asi kana Shoko raKe rose rakavimbiswa, raiva pfungwa yaMwari . . .

203 *Shoko* “ipfungwa yaratidzwa.” Mwari, mukufunga kwaVo, vakaRifunga, ndokuRitaura kubudikidza nevaporo fita vaVo, uye zvino Rinofanira kuzadzikiswa. Uye, apo, paVakafanotitaurira pamusoro pezvinhu izvi kuti tisaite mhosho nekukanganisa murima zvino, patinozviona zvichizadziswa.

204 Zvino, Vakavimbisa kutumira Kristu kechipiri. Uye pese paVanodaro, kana Kristu auya kechipiri, pachava nerugare Rwusingaperi.

205 Teererai, shamwari, tichivhara. Rangarirai, Bhaibheri ndiro chitubu chehuchenjeri hwose. Haubvi kuna Chiremba, Ph.D., LL.D. Hunobva muShoko raMwari.

206 Paive navanaChiremba vedzidzo yeBhaibheri vakagara ipapo, vari mazana, neMukomana mudiki ane makore gumi namaviri okuberekwa akavadzikamisa, nokuti Aiva Shoko. Mukomana muduku uyu akanga asina dzidzo zvachose, asi Aiva Shoko. Nokuti Akanga ari Chiedza chakataurwa chezuva iroro, Akanga ari kuratidza Shoko iroro. Shoko rakanga riri maAri. Raifanira kudaro. Ndosaka zvaAkataura zvakaitika, nokuti Aiva Shoko. Manzwisisa here? Vese vanonzwisisa, itai, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Aiva Shoko.

207 Rangarirai Bhaibheri, kwete rimwe bhuku regore rakanyorwa nomunhu. “Shoko remunhu wese ngarive renhema, asi raNgu Chokwadi.”

208 Uye mapoka anotenda zvakatsauka uye nezvinamoto, ne—nezvimwe zvakadaro, zvose zvinongosanganiswa kana

waisa boka revanhu maRiri. Mwari havana kumboshanda muboka rakadaro. Dai Jesu ari auya nhasi, Aizotora here divi nemaMethodisti, nemaBaptisti, nemaAdventisti, Jehovah Witness, Christian Science, maPentekosti, maPresbyteriani? Kwete, changamire. Zvirokwazvo aisazodaro.

<sup>209</sup> Inyaya yedungamunhu, iwe naMwari. Hakuna vanhu vaviri vanoonerana, pamwe chete zvakafanana; hapana zvigunwe zvikuru zviviri zvakafanana. Mwari vanoshanda nedungamunhu. Uye unoziva sei kuti zvaari ndizvo kana kuti kwete? Zvino tarisa shure uone kana ari pamwe neShoko. Kana ari pamwe neShoko, zvadaro Mwari vari kushanda naye; kana asiri, chimwewo chinhu chiri kushanda naye. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

<sup>210</sup> Rangarirai, Bhaibheri ndiro chitubu chohuchenjeri hwose, uye rakabata tariro dzose dzeramangwana maRiri. Rugare, rugare rwaMwari!

<sup>211</sup> Senyaya yandakambotaurirwa imwe nguva, pamusoro pomukomana muduku akafirwa nababa vake asati akura zvokukwanisa kuona baba vake; achingori mucheche pakafa baba vake. Rimwe zuva akasvika makore angangoita gumi, gumi nemaviri okuberekwa. Aiva nemumwe mukoma, ainzi John. Akaenda kumukoma wake, zvino akati “Uh, John,” uyo aive nemakore akati wandei kumudarika, akati, “uno here, unorangarira baba here?”

Akati, “Ehe.”

Akati, “Vakanga vakaita sei?”

<sup>212</sup> Akati, “Zakanaka, vakanga vari murume murefu, uye vakanga vari murume akanaka zvikuru. Vaigara vachiitira amai zvakanaka, uye vaiva nemutsa kwa—kwandiri, uye vakanga vaine mutsa kumunhu wose.”

Akati, “Saka, ndizvo chete zvaunoziva nezvavo here, John?”

<sup>213</sup> Akati, “Zvakanaka, ndichakuudza.” Akati, “Henry,” akati, “munhu wese anoti nda—ndakafanana navo.” Ndokuti, “Munhu wese anoti ndine hunhu hwakafanana navo.”

<sup>214</sup> Akati, “Oo, zvakanaka! Ndizvo zvandinoda kuziva.” Akati, “Ndikakuona, ndinoona baba vangu.”

<sup>215</sup> Hezvoka izvo. Nyi—nyika painoona Jesu Kristu, ndokunge richange riri mauri, Shoko iri rakanyorwa nezvanhasi.

<sup>216</sup> Unoonepi Jesu muna Dhavhidhi? Shoko parakaraidzwa kubudikidza nemaari.

<sup>217</sup> Unoona sei Kristu, Mwari muna Eria, ari mungoro iya achienda Kudenga, unoona Jesu muna Eria? Nokuti, Shoko rakasimbiswa.



218 UnoRiona sei muna Mosesi? Jesu akanga ari muna Mosesi. Bhaibheri rakataura kudaro. Munoono, ndizvozvo, Akanga ari gwenzi raipfuta rakanga rina Mosesi murenje.

219 Vanhu vachaziva sei Jesu Kristu? Kana ivo, iye, achiMuona mauri, pavanoona Jesu mauri. Nokuti, Akati, “Mabasa aNdinoita muchaaitawo. Makuru kune aya muchaaita, nokuti ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Ndizvozvo here? Ndiwo maitiro ivo, maziviro anoita nyika.

220 Kwete nekuti Pentecostal Oneness yakakura kupfuura Pentecostal Twoness, kana kuti Twoness yakakura kupfuura Threeness, kana chero zvacho chamunacho; kwete nekuti Methodist ihuru kupfuura Baptisti; kana kuti Southern Baptisti iri kutora mubairo gore rino pamachechi ese—ese eBaptisti, maProtestanti ese. Vane nhengo dzakawanda gore rino kupfuura vamwe vose, ndinonzwisisa, nekuverenga. Izvozvo hazvivaiti kuti vave vakasiyana. Mwari havakuzivei nemanhamba. Mahedheni vanokukundai pahuwandu, chero nguva. MaKatorike anemi mose. ChiMohamedhi chinavo vose. Maona?

221 Unozivikanwa kana Jesu Kristu achirarama mauri, neHupenyu hwaKe, uye neShoko rakavimbiswa rezuva rino richiZviratidza. Maona?

222 Zvino Shoko rimwe chete rairatidzwa muna Mosesi haraigona kuratidzwa muna Eria, nokuti rakanga riri rimwe zuva. Mumwe chete akaratidzwa muna Noa haaigona kuva muna Mosesi, nokuti, munoono, Noa akavaka areka, Mosesi akatungamirira vanhu, chaizvoizvo zvakanga zvakavimbiswa. Chiedza chimwe chete chairatidzwa mune rimwe, chakanga chisiri mune rimwe, asi chimwe chaitaura nezvechimwe.

223 Testamende Itsva yese inotaura nezvenguva ino. Jesu Kristu anotaura nezvenguva ino. Ndiani, zvino, mumwe murume? NdiJesu Kristu, Mwanakomana waMwari, achiratidza, achiratidza Chiedza paShoko raAkavimbisa rezuva rino.

224 Kana munhu akakuona uchirarama saIye, paanoona hunhu hwako nemazvibatiro ako neShoko zvichienderana chaizvo nezvaAive, Shoko richiratidzwa, ipapo munhu anoona Jesu Kristu. Ivo havazofanirwe kutarisa-tarisa chero kumwewo zvako, voti, “Chitendwa *ichi* chinodzidzisei, chitendwa *icho* chinodzidzisei?” Vanozoziva zviri Mwari kana vakuona.

225 Rugare, rugare rwaMwari ngaruve Chiedza pamuri! Uye kana Shoko raMwari rasimbiswa muzera rino, zvizere, zvino woRiona uye woRitenda, rugare kwauri!

226 Tarisana negore idzva neizvi, Muise sezvakataura Dhavhidhi, “NdichaMuisa mberi kwangu nguva dzose. Nekuti Ari kuruoko rwangu rworudyi, handingazungunutswi.” Kana ukasangana nerufu gore rino, zvinoita mutsauko wei? Mwari vakavimbisa kuti vachakumutsa. Kana tsaona

ikakuuraya, zvinoita mutsauko wei? Une Hupenyu Husingaperi, “Ndichamumutsa nemazuva okupedzisira.” Amen. Ko kana chimwe chinhu chikaitika? Hazvina mhosva kuti chii, hapana chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari, rwuri muna Kristu. “Nzara, njodzi, kushaya zvokupfeka, zvisinei nokuti chii, hapana chinogona kutiparadzanisa nerudo rwaMwari, rwuri muna Kristu.” Uye ndiYe Shoko. Rugare!

227 Ngatikotamisei misoro yedu. Zvino munhu wese ramba wakakotamisa musoro wako kwechinguvana. Rugare rwaMwari!

228 “Guru. . .” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “Sezvazvakanga zviru mumazuva aNoa, uko kwavaidya, vachinwa, nokuwanana, nokuwaniswa,” imwe Reno, Nevada, uye nenyika yose yohupfeve, “ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana womunhu.”

229 “Sezvazvaiva paSodhoma,” apo Mwari vakaratidzwa muMunhu uyo Abrahamu akadana kuti Elohim, Uyo akazvikwanira muna zvose; akamirapo, akadya nyama, ndokunwa mukaka, nechingwa; uye aikwanisa kuziva zvaifungwa naSara seri kwake, shure kwaKe, mutende. Akati, “Izvozvo zvichadzoka zvakare pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” “Kwechinguva chiduku, uye nyika haichazoNdionazve; asi imi muchaNdiona, nokuti Ndichava nemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika.”

230 MaJudha achidzokera kunyika yavo. Zvinhu zviru kuitika, zviru muzuva rino, zvinganditadzisa kubva nechepakati kutanga kukuudzai zviru kutora nzvimbo, asi tinozviona. Chii ichocho? Shoko richiratidzwa.

231 Munofunga kuti vaHebheru vakaitei pavakaona Shoko richiratidzwa, nevimbiso? Vakagadzirira kubuda munyika.

232 Kana usina kugadzirira nhasi, shamwari, tanga gore rino idzva zvakanaka, ritange neruoko rwako rwuri muruoko rwaMwari, Shoko raMwari riri mumoyo mako, uchiti, “Ishe Jesu, handizive kuti chikamu chipi cheMutinhimira uyu chaMunoda kuti nditambe, asi kana shanduko iyoyo yasvika yekuti nditambudzwe, ndisekwe, ndiitwe jee neni, ndicharamba ndakatora nzvimbo yangu kuti Mutinhimira weNyu usakanganiswe nekuda kwangu. Ndichagara chaizvo neShoko reNyu, zvisinei kuti Chii. Ndichagara ipapo. Uye kana rufu rwasvika pamukova wangu, ndicho chikamu cheMutinhimira. Ndinoziva ipapo, kuti, sokusvitswa kuchaita rufu pamukova wangu, rumuko rwuchasvitswawo rimwe remazuva ano, zvakare, uye Muchandimutsa zvakare. Chikamu cheMutinhimira weNyu. Ishe, regai ndive chikamu nhasi, Muchadaro here?”

<sup>233</sup> Vangani vangada kutora mhiko iyoyo, voti, “Kutanga gore idzva rino, Hama Branham, kutanga mumusangano uno, iko zvino, ndinovimbisa Mwari zvino, kuti nditore nzvimbo yangu, kuti ndisambokundika kugara pamwe neShoko raVo rakavimbiswa, uye nokurarama chaizvoizvo nenzira yaVakazvivimbisa, muhunoro nekuzvinipisa; kuti Mwari vatore hupenyu hwangu nekuhuisa muMutihimira waVo mukuru, kuti boka rimwe chetero raVachamutsa mumazuva okupedzisira. Ndichasimudza ruoko rwangu, Hama Branham, kwete kwamuri, asi kuna Mwari. Ndirangarireiwo mumunyengetero”? Mwari vakuropafadzei, kwese-kwese. Ishe vakuropafadzei. Maoko angu akasimudzwawo, zvakare.

<sup>234</sup> Ishe, nditorei. Ishe Mwari, musambondirega ndichiita pfungwa dzangu, saJudhasi, pakuwedzera nerimwe dhora, pane imwe fashoni yenyika, kana mumwe munhu anokubhabhadzira kumusana, oti, “Oo, Hama Branham, izvi ndizvo...” Kwete, kwete. Mwari, musamborega izvozvo zvichiitika kwandiri. Ndichangotora nzira pamwe nevashoma vaShe vanozvidzwa. Ndichava hama kuvanhu, nokuita zvese zvandinogona, Ishe, kuda vanhu nemoyo wangu wese. Asi, Ishe, musambondirega ndichibva paShoko iri. Ndinoda kumuka pazuva rokupedzisira. Uye avo chete vakaverengerwa muMutihimira mukuru uyu, Ishe, sezvandaedza kuzvitsanangura masikati ano, ndivo avo vanobuda pakuguma kwe—kwebepa remumhanzi, apo rumuko rukuru, uye neNgirozi dzose dzichiombera maoko adzo uye vatvene vopinda vachifora. Ndeavo vakaita chikamu ichocho mumutambo uyu mukuru watinotamba, tanamata, Ishe.

<sup>235</sup> Tinoziva kuti mumutambo vanoshandura zvifukidzo, vanobva pane chimwe chinhu vachienda pane chimwe, uye ndizvo zvaMakaita. Makabva kuMweya, Mwari, Jehovha Mukuru, uye mukapfeka chifukidzo chemunhu, makashandura hunhu hweNyu—hweNyu—hweNyu; Makashanduka. Makadzika tende reNyu. Makabva kuna Mwari, mukava munhu, kuti Mugofa kuti mudzikinure munhu. Makashandura chifukidzo cheNyu.

<sup>236</sup> Zvino zvakare Makachishandura, uye MakaZvifukidza muvanhu vachatenda nekuita zvinoenderana neShoko raMakanyora pano. Akaropafadzwa meso anoRiona, yakaropafadzwa moyo inoRigamuchira, dzakaropafadzwa nzeve dzinoRinzwa, nokuti kuchauya rumuko kana Mutihimira wapera. Mwari, tose ngativepo, Muchadaro here? Ropafadzai boka duku iri.

<sup>237</sup> Tichitaura sezvizvi, Baba, tinoziva kuti tepi iyi inoenda pasi rose. Uye herino boka rakanaka, diki rakagara pano nhasi, ungano inooneka iri pano muPhoenix. O Mwari, makore gumi namashanu ekuparidza zvakaomarara nekutsiura, uye, Mwari, Munoziva chikonzero, rudo! Rudo ku—kuranga. Rudo ku—kutsiura. Rudo rwunogadzirisa.

<sup>238</sup> O Mwari, regai ndizvikandire pamwe nevanhu ava vhiki rino, uye dai Mukatiranga, Ishe, kuShoko reNyu. Ngationei simba reNyu richimutsa vanorwara nevanotambudzwa, meso emapofu asvinudzwe, Mweya Mutsvene mukuru uuye uchionekwa mukamuri. Dai mushumiri wese nechechi yega-yega vave vanobvira nemoto. Dai konivhenisheni iri kuuya yavanamuzvinabhizimu, Ishe, yatungidza moyo wemuzvinabhizimu wose, muguta rino, ange achibvira kuna Mwari. Zviitei, Ishe. Hatizive zvekuita nezvazvo, kunze kwekungokumbira nekutenda kuti zvichaitwa. Tinozvikumikidza pachedu kwaMuri, kubudikidza naJesu Kristu, Ishe wedu.

Uye zvino ngatisimukei netsoka dzedu.

<sup>239</sup> Handigoni kutaura zvakanaka, ndinodudza mazwi angu zvisizvo, uye ndinoda kutaura izvi nekuti ndanzwa kugombederwa kuzviita. Vangani vari muno vachasimudza ruoko rwenyu, kuti manzwisisa zvandareva nekuti “Mutinhimira waMwari”? Simudza ruoko rwako. Ndatenda. Zvakanaka. Unozvitenda here?

<sup>240</sup> Zvino, Mutinhimira, munoona. Muchaona kuti Unosvika pashanduko, munhu wese ari kushamisika. Ndinoidaidza kuti shanduko. Handizivi mumhanzi; muimbi ari muno, nhai, anga—angazondiregererawo nenzira yangu yakakwasharara. Asi, ndizvo, vari kuridza, vanofanira kuva nechimwe chinhu chekuita. Unodzika pasi chaizvo, zasi-zasi, unoshushikana kuti Chii; asi, munoona, kana ukapinda mumutinhira waZvo, unoZvinzwisisa. Ndiyo nzira chete yauchazonzwisisa nayo Mwari, kupinda mumutinhira waZvo.

<sup>241</sup> “Chii? Ndichazviita sei? Hama Branham, ndiri muMethodisti, muBaptisti, kana muPentekosti wechokwadi.” Hahusi mutinhira.

<sup>242</sup> Mutinhira ndiMwari. Mwari iShoko. Shoko ndiMwari. Mutinhira waMwari, ndiko, kuteerera Shoko raVo. Zvino kana ukateerera Shoko, Vanoridza mutinhira wacho kwauri chaiko, wobva watora nzvimbo yako. Pose paUnodzika pasi, pasi, pasi, wokwira, chero zvaUngave, munoziva shanduko idzodzo.

Dzimwe nguva unoti, “Oo, marwadzo epamoyo nemiedzo!”

<sup>243</sup> Ko Mwari havana kuti here, “Zvinhu zvose zvinoshandira pamwe chete mukunaka kune avo vanoVada, ini Ndichiridza Mutinhimira waNgu”? Uye unoona kuti ipapo unotambudzwa nokuroverwa pasi, nokutambudzwa, nokusekwa. Rangarirai, ndicho chikamu chinoenda nenzira iyoyo. Kana izvozvo zvisina kudaro, saka Mutinhimira wakabuda muchuni.

<sup>244</sup> Nyanduri mukuru anonyatsoziva zviru mazviri. Anoziva. Akakuziva, kubva kumavambo. Akaisa zita rako muBhuku reHupenyu reGwayana, nyika isati yavambwa. Unozvitenda here? Anoziva zvaunofanira kuita. Zvisinei kuti zvadzikira sei,

uye kuti zvinoratidzika kuva merima rakaita sei, zvinofanira kuva saizvozvo.

<sup>245</sup> Asi, rangarirai, kana zvikapinda mumimvuri yerufu, “Ndini rumuko neHupenyu; Ndichamumutsa zvakare.” Zvino kana Mutungamiriri mukuru adzika pasi odzikisa chitanda ichocho pasi, zvino, “nguva haizovapo.” Kana Mutumwa uya, waZvakazarurwa chitsauko 10, akaisa tsoka imwe panyika uye imwe pagungwa, uye nemuraraungu pamusoro paKe, Akapika, “nguva haichazovapo.” Kana nguva iyoyo yasvika, uchamuka kubva pakati pevakafa. Apo vamwe vose vakarara ipapo, iwe uchapinda.

<sup>246</sup> Gara muMutinhimira. Gara muShoko raMwari. Zvisinei kuti zvakaoma sei, ramba wakagara naRo, chero papi pari kuridzwa naMwari.

<sup>247</sup> Dzimwe nguva Vanokonzera kuti dambudziko ridambure zvisungiso, kuti rikusunungure. Vanozviita izvozvo. Unoti, “Saka, handizivi zvandingazoita.” Vanodaro. Musiyano upi? Uri kungo—uri kungotamba chikamu. Ivo ndiVo vakakuisa muruoko rwaVo. Vanokutungamirira.

<sup>248</sup> Rangarira, zvese zvinoitwa nechiratidzo. Tinoona nguva yatiri kurarama mairi, nechiratidzo chatiri kurarama machiri, saka tinoziva zvinoita Mutinhimira nhasi. Inguva yekupatsanura, kutora Chiedza kubva murima.

<sup>249</sup> Ngatizvitaurei pamwe chete, kuti murege kuzvikanganwa, nekuti ndiri kunzwa kutaura izvi: “Kutora Chiedza kubva murima.” Ngatizvitaurei zvakare: “Kutora Chiedza kubva murima.”

<sup>250</sup> Ndiwo Mutinhimira waMwari. Vari kuzviratidza mumatenga. Vari kuzviratidza pamabhodhi matema. Vari kuzviratidza Vega. Vakazvivimbisa muShoko. Tinozviona zvichisimbiswa. Vari kupatsanura gorosi kubva kune zvikwande. Vari kutora Chiedza kubva murima.

<sup>251</sup> UnoVatenda here, nemoyo wako wose? Ngatiimbei rwiyo rwedu rwakanaka, zvino.

<sup>252</sup> Uye ndinoda kutaura shoko rimwe kuvafundisi, kweminiti. Hama, Ishe vakuropafadzei. Maita henyu nekubuditsa ungoro dzenyu nekudziunza kuno. Kunemi vafundisi kunze uko, ndinokutendai zvirokwasvo. Ndiri pano chete. . .

<sup>253</sup> Regai nditi, hama, panogona kunge paine maMethodisti, maBaptisti, Presbyteriani. Munonzwa here, ndinotaura zvimwe chete kumaPentekosti sezvandaite kwamuri? Zvingori zvimwe chete, munooona. Hazvisi. . .

<sup>254</sup> Kana ndisingakwanisi kupesana nemunhu, zvakanyanya, uye ndoramba ndichimuda. . .Nokuti, kana ndikapesana naye, zvekuti ndingopesana naye, ndiri munyengeri; handina kukodzera kumira kumusoro kuno. Asi kana ndikapesana

naye nokuda kwokuyanana norudo nokunzwisisa, zvisinei kuti anoita sei, achiri hama yangu inokosha. Ndinomira naye. Hongu, zvirokwazvo. Ndizvozvo chaizvo. Kana izvozvo zvisiri mumoyo mangu, zvino Mwari vandibuditse mupurupiti iyi, handina kukodzera kuva pano. Ndizvozvo. Ndinozvitaure nekuda kwerudo, uye nechimwe chinhu chandinoona chiri kuuya. Uye haVana kumbonditendera kuti ndikanganise pazviri, kusvika pari zvino, nokuti ragara riri Shoko raVo. Saka, Mwari vakuropafadzei.

<sup>255</sup> Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana, uye tigoimba rwiyo urwu rwakanaka, rwekare rwatinowanzoimba, “NdinoMuda, ndinoMuda.” Kana muridzi wepiyano, kana angava ani, kana avo vane mumhanzi, vakatipa kodhi diki parwuri, ndinodaira kudaro. Hongu, zvakanaka, ngationei kana tichigona kurwuimba zvino pasina zvinoridzwa. Munhu wese pamwe chete zvino, nemisoro yedu yakakotamiswa.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Akatanga kundida  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>256</sup> Ndinofunga vamisa matepi zvino. Munooona, tepi iyi inoenda kwese. . .



*RUGARE* SHO64-0119  
(Shalom)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo masikati, Ndira 19, 1964, paRamada Inn muPhoenix, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2022 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)